**ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HǺM ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı**

Pedagogika kafedrasi

5A 110902 – Pedagogika hám psixologiya qánigeligi magistranti Dawletnazarova Ayjan Sultanayevna**niń**

Tema: **«Klass basshısınıń' oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarinin' mazmuni hám oni jetilisstiriw jollari »**

5A 110902 – Pedagogika hám psixologiya qánigeligi magistri dárejasin alıw ushın jazǵan dissertaciyası

**Magistratura bólimi baslıǵı : p.i.k.docent Allambergenova M.**

**Kafedra basliǵi : p.i.k. docent M.Pazilova**

**Ilimiy basshi: p.i.k.docent A.Nauruzbaeva**

**Opponent: p.i.k. docent A.Tilegenov**

**Nókis-2019**

**KIRISIW.**

**I-bab. MEKTEPTEGI TǺRBIYALÍQ ISLER DIZIMINDE KLASS BASSHÍNÍÑ XÍZMETI**

1.1. Tárbiyaliq processti ámelge asiriwda klass basshi xizmeti mazmuni .

1.2.Klass basshisiniń joqari ruwxiy jetiskeń ligi hám pedagogikalıq sheberligi.

**II-bab.KLASS BASSHÍNÍÑ OQIWSHÍLAR MENEN ALIP BARATUĠÍN JUMÍSLARÍ MAZMUNÍ HÁM ONÍ JETILISTIRIW JOLLARÍ.**

2.1. Klass basshısınıń’ oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarin shókemlestiriw metodikasi.

2.2. Klass basshısınıń’ tárbiyaliq xizmeti nátiyjeligin jetilisstiriw jollari

**III - KLASS BASSHÍNÍÑ OQIWSHÍLAR MENEN ALIP BARATUĠÍN JUMÍSLARÍN JETILISTIRIW JOLLARÍNA BAYLANÍSLÍ TAJIRIYBE JUMÍSLAR.**

3.1.Tájiriybe jumislarin o’tkeriw metodikasi.

3.2.Klass basshısınıń oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarin jetilisstiriw jollarina baylanisli tájiriybe jumislariniń nátiyjeleri.

**Juwmaqlaw .**

**Paydalanilǵan ádebiyatlar.**

## KIRISIW.

Ózbekistan respublikasi prezidenti SH.M.Mirziyoyev Kamolot jaslar jámiyetlik háreketiniń IV-Quriltayindaǵi shiǵip sóylegen sózinde «Tárbiya qansha jetik bolsa, xalıq sonsha baxıtlı jasaydi» deydi danishpanlar. Tárbiyanin, jetik bolıwı ushın bolsa, bul máselede boslıqtıń payda bolıwına ulıwma jol qoyıwǵa bolmaydı[1]- dep jaslar tárbiyasiniń jámiyet rawajlanıwındaǵı ahmiyetin belgilep berdi.

Tárbiyaniń ulıwma bas maqseti jámiyettegi oqıw-tárbiya ornılariniń, jámiyetlik institutlariniń hám basqa tárbiya mekemeleriniń t`álim-tárbiya jumıslarınıń bag`darlarin, padegogikaliq tásir etiwdiń xarakterin belgilep beredi. Jámiyettiń rawajlanwi, bilimlendiriw-tárbiyaniń jetilisiwi nátiyjesinde olarg`a anıqliqlar, tolıqtiriwlar, ózgerisler kiritilip bariladi. Jeke maqsetler, usıllar, metodlar, oqıtıw hám tárbiya túrleri tárbiyaniń ulıwma bas maqsetinen g`árezli boladı. Tárbiyaniń bas maqsetin turmisqa jemisli asiriw ushın insan shaxsın rawajlandiriwdiń ol ya bul basqıshında bilimlendiriw tárbiya wazıypalarin sheshiwge baylanıslı jeke maqsetler, jeke wazıypalar islep shig`adi. Sabaqlardi jobalastiriw hám ótkeriwde sabaqtiń mag`liwmatliq, tárbiyalıq rawajlaniwshiliq maqsetleri kórsetiledi. Tárbiya jumısların shólkemlestiriwde onıń jobasi (bag`darlamasi) dúzilip tárbyaliq maqseti anıqlanadi, qanday adamgershilik sipatlarda rawajlandiriw hám qáliplestiriw zárúrligi belgilenedi.

Ózbekistan respublikasi prezidenti SH.M.Mirziyoyev2019 jil 19-martta o'tkerilgen videoselektor májlisinde « Jas awladtı ka'mil insan etip tárbiyalaw , olardıń bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiriw,bunda olardıń mádeniyat,sport,xabar texnologiyaları kitap oqiwǵa qiziqtiriw boyinsha Sirdariya waliyati ta'jiriybesi tiykarinda 5 baslamani a'melge asiriw:

[1] Sh.M.Mirziyoyev Fizikaliq hám ruwxiy jetik jaslar-iygilikli maqsetlerimizge jetiwde tayanishimiz ha‘m su‘yenshimiz boladi Erkin Qaraqalpaqqstan gazetasi № 8485 s 4.07.2017

1.-Baslama -jaslardıń muzıka, su’wretshilik, a’debiyat,teatr ha’m ma’deniyattıń basqa tu’rlerine qızıǵIwshılıǵn arttırıw

2.-Baslama – jaslardıń dene shınıqtırıw ha’m sport tarawındaǵI o’z qa’biletlerin ko’rseriwine za’ru’r sharayatlar jaratıp beriw

3.-Baslama – jaslardıń kompyuter texnologiyalarınan ha’m internetten na’tiyjeli paydalanıwın shókemlestiriw.

4.-Baslama –jaslardıń ruwxıylıgın jetilistiriw olar ortasında kitapqumarlıqtı rawajlandırıw

5.-Baslama hayal-qızlardı jumıs penen támiyinlew islerin sistemalı shókemlestiriw» [2] boyinsha tapsirmalar bergen edi.

Tárbiyanıń ulıwma hám jeke maqsetleri rásmiy túrde Nızam aktlerinde xalıq bilimlendiriw Nizamlarinda, kadrlar tayarlawdiń milliy bag`darlamasinda, oqıw ornı ustavlarinda bilimlendiriw-tárbiya bag`darlamalarinda, sabaq hám tárbiya jobalarinda hám basqa hújjetlerde bayan etiledi.

Tárbiyaniń maqseti adamzat jámiyetiniń talabin sáwlelendiredi. Tárbiyaniń maqseti jámiyettiń, ondag`i ilim, texnika, texnologiya, ekonomika hám mádeniyattiń rawajlaniw dárejesine, óndiris kúshleri menen óndiris qatnasiqlarina qaray belgilenedi. Bunnan tárbiyaniń maqsetin oydan shıǵarıwǵa, og`an júzeki qatnas jasawg`a bolmaydi degen juwmaq shig`adi.

Millettiń bilimlendiriw tárbiya beriwdegi qiyallar menen oylari, tilekleri menen úmitleri, niyetleri menen arziw ármanlari tárbiyaniń milliy maqsetine aylandi, tárbiyaniń milliy maqseti qáliplesti. Milliy tárbiyaniń mashqalalarin úyrenetug`in milliy pedagogikaniń tirnag`i qalandi. Milliy pedagogika dáwirler asa rawajlanip hám qáliplesip búgingi kún dárejesine jetti.

Milliy tárbiya, milliy tárbiyaniń maqseti jónindegi eń dáslepki oylar xalıq pedagogikasiniń tiykarg`i dereklerinen biri esaplang`an xalıq dóretpelerinde bayan etilgen. Xalıq dóretpeleriniń negizgi túrleri dástanlar menen erteklerde, ápsanalar menen naqil-maqallarda, basqa dáreklerde, unamli qaharmanlar xalıqtiń, watanniń

I.[2] Sh.M.Mirziyoyev rahbarligida 2019 yil 19-martta o’tkazilgan videoselektor majlisining 12-son bayoni

shin azamati, aqil parasatli, adamgershilikli, hújdanli, tapqir, ras sózli, hadal, uqipli, miynet súygish, kásip ónerli, miyrim shápáátli, miyriwbetli, qayri-saqawatli, insapli, qıyınshiliqlardan qoriqpaytug`in márt etip kórsetiledi. Tuwg`an jerin, xalqin dushpannan qorg`aytug`in batir, ata-anasi hám tuwg`an tuwisqanlarina g`amxor, adamlarg`a mehriban insaniy gózzal. Muhabbatqa opadar, súyiklisine sadiq, sózi menen isi bir, wádesine berk insan, ardaqli áke, mehriban ana, hadal perzent sipatinda táriyiplenedi.

Oqıwshı shaxsın nátiyjeli qáliplestiriw pedogogtiń tárbiya menen rawajlaniw arasindag`i kútá quramali baylanisti esapqa alıp bilimlendiriw-tárbiyani sheber uyimlastiriwina baylanıslı boladı.Anıq maqsetti gózlep duris júrgizilgen tárbiya rawajlaniwdi basqaradi hám tezlestiredi.

Demek oqıwshı shaxsınıń rawajlaniwi menen qáliplesiwiniń talapqa ilayiqli tárbiyadan g`árezli boladı.Sebebi tárbiya rawajlaniwdan aldin júredi (bul jaqsi)rawajlaniwdi izine ertedi hám oqıwshı oqıwshı shaxsınıń rawajlaniwin belgileydi. Sonıń menen birge tárbiya rawajlaniwdan g`árezli boladı hám og`an tiykarlanadi,rawajlaniw dárejesine súyenedi.Oqıwshınıń anatomiyaliq-fiziologiyaliq hám psixologiyaliq (qabil etiw,aqil-oyi,sezimi,yadi,tb) sipatlariniń rawajlaniwi jańa tárbiyalıq wazıypalar qoyip olardı tabisli sheshiwge múmkinshilik jaratadi.

Álbette tárbiyaniń printsipleri, wazıypalari, mazmuni, túrleri, qurallari, metodlari oqıwshı shaxsınıń jetkeń hám jaqin keleshekte jetetug`in rawajlaniw dárejesine say bolıwı lazım.

I.P.Podlasiydiń pikirinshe « Tarbiya procesi strukturasi maqsetli kriteriya boyınsha sheshimin tabiwǵa qaratilǵan processtiń wazıypalariniń kópligi (izbe-izligi)nen ibarat boladı. Házirgi zamanagóy mektepler sharayatinda tarbiya procesi tómendegilerge baǵdarlanǵan:

- shaxstiń onıń hár tárepleme rawajlaniwiniń maqsetlerin esapqa alıw menen pútin halinda qáliplesiwi;

- shaxstiń ádep-ikramliliq sipatlariniń ulıwmainsaniyliq qádiriyatlar, socialliq baǵdarlanǵan motivaciya, shaxs rawajlaniwiniń emocionalliq hám erk salalariniń rawajlaniwiniń uylesikli bolıwı tıykarında qáliplesiwi;

- oqıwshılardi ilim, mádeniyat, kórkem óner salasinda jámiyetlik qádiriyatlargá qatnastiriw;

- jámiyettiń demokratiyaliq ózgerislerine, huqiqlarǵa hám shaxs minnetlerine úylesimli halda turmisliq póziciyasin tárbiyalaw;

- shaxstiń beyimligi, uqiplari hám qızigiwlariniń rawajlaniwi, bunda onıń imkaniyatlari hám tilekleri, sonday-aq, socialliq talaplar esapqa alinadi

- oqıwshılardiń individual hám jámiyetlik sanasin rawajlandiriwshi biliw iskerligin shólkemlestiriw;

- jeke hám socialliq qunǵa iye , kóp túrli iskerlikti shólkemlestirip, olar shaxstiń sipatlarin tárbiyalawdiń belgilengen maqsetke iye bolıwın qáliplestiriwdi quwatlaydi;

- shaxstiń áhmiyetli sociialliq funkciyalari – miynet etiwdiń ózgermeli sharayatlarinda mámile hám socialliq keskinlikti arttiriwdi rawajlandiriw.»[3]

Tárbiyanıń eń áhmiyetli subyektiv faktorlarınan biri klass basshisi esaplanadı. Ilim obyektiv haqıyqattı belgilep beredi: tárbiyashı shaxsı bul eń áhmiyetli bolmasa da, eń bolmaǵanda nátiyjeli tárbiyalawdıń áhmiyetli shárti, ámeliyat bul juwmaqtı hár bir qádemde tastıyıqlaydı.

Klass basshisiniń házirgi zaman tárbiya procesindegi roli pútkil tárbiyalıq tásirdi ózinde qamtıp alıw hám processke basshılıqtı óz qolına alıwda bolmaydı. Kerisinshe, onıń shólkemlestiriwshilik hám baǵdarlawshı kúshi, ondaǵı demokrastizm, dóretiwshilik erkinligine qaraǵanda sonshelli áhmiyetli. Tárbiyashı aytarlıqtay tabıslarǵa tárbiya proseci ótetuǵın sharayat hám shártler esapqa alısa ǵana erisedi, óz tárbiyalıq háreketleriniń aqıbetin itibarlı analizleydi hám olardan durıs juwmaq shıǵaradı.

---

[3] Подлысый И.П. Педагогика. – М.: ВЛАДОС, 2003. 2том с17.

Sońǵı jıllarda tárbiya proseci mazmunına degen kóz qaras tez hám keskin ózgerdi. Búgingı kúnde de birdey bolmay otır:  jámiyetimiz, sonıń menen birge mektep te obyektin haqıyqatlıqqa erisiwde qıyın dáwirdi basınan keshirmekte. Tárbiyalawdıń jańa sapasına alıp keliwi tiyis bolǵan mektepti gumanizaciyalaw hám demokratiyalawǵa baǵdar alındı. Házirgi zaman tárbiya ideologiyası tiykarları tómendegiler:

Búgingi anıq maqset – onıń uqıbı hám talantına tayanǵan halda insandı hár tárepleme rawajlandırıw. Bul maqsetke erisiw quralları – insan tárepinen milliy mádeniyattıń tiykarlarınıń ózlestiriliwi. Bunnan tárbiya mazmunınıń oraylıq túsinigi – shaxstıń „mádeniyatı“. Bul turmıslıq ózin ańlawdıń mádeniyatı: ekonomikalıq mádeniyat hám miynet mádeniyatı; siyasiy, demokratiyalıq hám huqıqıy; ádep-ikramlılıq hám ekologiyalıq, kórkem hám fizikalıq; shańaraq qantasları mádeniyatı.

Rawajlandırıwshı tárbiya bir putin shaxstı – bekkem isenimge iye, demokratiyalıq kóz qarastaǵı hám turmıs póziciyasına iye bolǵan insandı qáliplestiriwdi belgileydi. Tarbiya mazmunı áhmiyetli elementi – insannıń turmıslıq ózin biliw mádeniyatı. Turmıslıq ózin biliw – kásiplik hám hátte puqaralıqqa qaraǵanda ádewir keń túsinik. Turmıslıq ózin biliw insandı jeke turmısı hám jeke baxıtı subyekti sıpatında xarakterleydi. Mine usı insannıń ózi-ózi ańlawı arqalı –uyǵınlasıwı puqaralıq, kásiplik hám ádep-ikramlıq ózin biliwge keliwi kerek.

**Temaniń u’yrengenlik dárejesi.** Klass basshısınıń’ oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarinin' mazmuni hám oni jetilisstiriw jollari   mashqalasi boyinsha ilim-izertlew jumislari pedagogika boyinsha alip barilǵan izertlewlerdiń ulkeń bóegin quraydi. Rus pedagoglari V.P.Bespalko   L.I.Gritsenko,I.P.Podlasiy , M.A.Danilovlar klass basshısınıń’ shańaraq hám jámáátshilik penen alip baratuǵin jumislarin  duris sholkemlestiw tálim tárbiya protsesiniń nátiyjeliligin asiriw faktori bolip esaplanadi  degen pikirdi alǵa su’redi.

O`zbek pedagog- ilimpazlari tárepinen klass basshısınıń’ oqiwshilar menen alip baratuǵin jumislari boyinsha qatar keń ’ qamrawli didaktikaliq izertlewler alip barildi.

Bul izertlewler qatarina F.A.Mustaeva , N.M.Egamberdiyeva, A. S.Nauruzbaeva , B.Djuraeva,A.Munavvarovlar tárepinen alip barilǵan ilim – izertlew jumislarin atap o’tsek boladi. Sonday bolsada bul izertlewlerde uliwma orta tálim mekemelerin basqariw boyinsha turli baǵdarlar ashіp berilgen bolsa da, uliwma orta tálim mekemelerin basqariwdiń ayirim maseleleri bayan qilinǵan. Mashqalaǵa baylanisli derekler analizi, uliwma orta tálim mekemelerin basqariw mashqalasi pedagogika hám va psixologiya ilimlerinde álle qashan izertlew obektine aylanǵanligina qaramay, onin tu’rli tárepleri didaktika oldina jańa-jańa waziypalardi qoyadi. Sonıń ’ ushin da uliwma orta tálim mekemelerin basqariw ele de izertlewdi talap yetetuǵin aktual mashqala sipatinda biziń magistrlik dissertaciyamiz obektine aylandi.

**Izzertlew obekti:** mektep jasindaǵi balalar.

**Izzertlew predmeti**: Klass basshısınıń’ oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarinin' mazmuni hám oni jetilisstiriw jollari

**Izzertlew maqseti**: Klass basshısınıń’ oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarinin' mazmuni hám oni jetilisstiriw jollarin aniqlaw hám metodikaliq usinislar islep shig;iw.

**Izzertlew waziypalari:**

-Izertlew mashalasina baylanisli pedagogikalıq , psixologiyaliq, filosofiyaliq izertlewlerdi u’yreniw hám temaniń aktualliǵin ilimiy teoriyaliq jaqtan dálillew

- Tárbiyaliq processti ámelge asiriwda klass basshi xizmeti mazmunin aship beriw.

-Klass basshisiniń joqari ruwxiy jetiskeń ligi hám pedagogikalıq sheberligin asip beriw.

- Klass basshısınıń’ oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarinin' mazmuni hám oni jetilisstiriw jollarin islep shiǵiw

**Izzertlew gipoteza:** Klass basshısınıń’ oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarinin' mazmuni hám oni jetilisstiriw jollari to’mendegi faktorlarǵa tikkeley baylanisli ekeńligin ko’rsetti:

-klass basshısınıń’ o’z jumisin duris shókemlestirgenligine;

- klass basshısınıń’ kásiplik sheberligi,ádebi hám abirayina;

- klass basshısınıń’ siyasiy sawatlilıǵına;

-klass basshısınıń’ o’z jumisin shókemlestiriwde jańa pedagogikalıq hám xabar texnologiyalarinan paydalaniwi h.t.b.

**Izzertlew metodlari:** tańlanǵan mashqala boyinsha pedagogikalıq , psixologiyaliq, filosofiyaliq ilimiy-metodikaliq materiallardi analizlew, aldinǵi pedagogikalıq tájiriybelerdi u’yreniw hám uliwmalastiriw, anketa, test, pedagogikalıq tájiriybe nátiyjelerin matematikaliq-statistikaliq analizlew.

**Izzertlewdiń metodologiyaliq tiykari:** O’zbekistan Respublikasi Konstitutsiyasi, O’zbekistan Respublikasi Prezidenti Sh.M.Mirziyoyev miynetlerinde tálim-tárbiyaǵa boyinsha pikirleri, O’zbekistan Respublikasi “Bilimlendiriw haqqindagi nizami, “Kadrlar tayyarlaw milliy dásturi”.

**Izzertlewdiń ilimiy jańaliǵi:** Klass basshısınıń’ oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarin jetilisstiriw to’mendegilerge baylanisli:

-Klassta salamat ortaliqti jaratiw, milliy rux hám turmis tárizin esapqa aliw, perzentlerde ata-anasina, watanǵa muhabbat tu’yǵisin qáliplestiriw, o’z ara ǵamxor boliwin táminlew;

-balalardi mánáwiy barkamal hám fizikaliq salamat boliwi ushin sotsial-ekonomikaliq ortaliq jaratiw;

-balalardiń bos waqtin pedagogikalıq ko’z-qarastan kelip shiǵip, duris shókemlestiriw hám olarǵa qosimsha tálim beriw;

-máhálle aktivleri tárepinnen tárbiya mekemeleri menen birgelikte tálim-tárbiya protsessinde ámelge asiriliwi kerek bolǵan máselelerdi oylasiwinda qatnasiw hám duris sheshimlerin tabiwda aktivlilik ko’rsetiw;

-ata-analar arqali shókemlestiriwshilik, miynetsu’yerlik, milliy maqtanish, watanparwarliq, milliy ádep siyaqli sezimlerdi sińdiriwdi hár tárepleme xoshám etlew;

-tárbiyasi ”awir”, qarawsiz qalǵan balalardiń ata-analari menen islew, shańraqlarǵa pedagogikalıq járdem ko’rsetiw;

-mákán keń ’eslerde alip barilip atirǵan bárshe tárbiyaliq, ruwxiy-aǵartiwshiliq, mádeniy, uliwmaliq hám sport kesheleri orayinda klass basshisi boliwina erisiw.

**Izzertlewdiń ilimiy-ámeliy áhmiyeti:** Izzertlew nátiyjesinde “Pedagogika teoriyasi hám tariyxi ”, “Tarbiya isleri metodikasi”, “Shańaraq pedagogikasi” pánlerinde paydalaniw boyinsha teoriyaliq bilimler menen bayitildi. Izzertlew nátiyjeleri oqiw orinlari.,mákan keń ’esler jumislarinda ámeliy qollanba sipatinda xizmet etedi.

**Izzertlewdiń sinawdan o’tiwi:** Tájiriybe sinaw isleri No’kis qalasindaǵi 2-7-18-sanli mekteplerinde ótrerildi

**Dissertatsiyaniń du’zilisi:** Kirisiw, 3 bap, 6 paragraf, juwmaqlaw hám paydalanilǵan ádebiyatlardan turadi.

## I-bab. MEKTEPTEGI TÁ̊RBIYALÍQ ISLER DIZIMIDE KLASS BASShÍNÍN XÍZMETI

### 1.1. Tárbiyaliq processti ámelge asiriwda klass basshi xizmeti mazmuni

Klass basshısı isiniń tiykarǵı bólegi oqıwshılardı úyreniw,oqıwshılar bilim sıpatın asırıw hámde olardıń tártibin bekkemlew,sabaqtan hám klasstan tıs tárbiyalıq isleri shólkemletsiriw hám olardı ótkeriw, oqıwshılardıń ata-anaları menen alıp barılatuǵın isler hám klass basshısınıń tiykarǵı wazıypalarınan biri.

Oqıwshılarǵa tárbiyalawda klass jámáátindegi bárshe oqıwshılardıń bir-birlerine tásirleri úlkeń áhmiyetke iye. Olardı bir-birine kórsetetuǵın órnekleri, tártibin jaqsılaw hám bekkemlewge, olardı minez mádeniyatın, ádetin kónikpesin payda qıladı.

Alisher Nawayı «Mahbub–ul–qulub» shıǵarmasında tálim-tárbiya processlerin, quralların, ádep-ikramlılıq talapların kórsetedi. Óz dáwirindegi musılman mektepleriniń tabıs hám kemshilikerin talıqlaw.

Oqıtıwshı ádebi hám muǵallimlıq kásipi, mudarrisler, mektepdarlar hám tálim berip atırǵan pánin hám tárbiya processin súyii kerek deydi. Ózine tán oqıwshı jámiyette abroylı hám húrmetke ılayıq insan, dep esaplaydı. Shákirtler muǵallimi kásibi, mudarrisler, mektepdarlar hám tálim berip atırǵan pánin hám tárbiya processin súyiwi kerek deydi. Ózine tán oqıwshı jámiyete abraylı hám húrmetke ılayı isan, dep esaplaydı. Shákirtler muǵallimin húrmet qılıwları zárúrligin uqtıradı.

Nawıyınıń pikirinshe, bázen kisi bir balaǵa tárbiya beriwge ázzılıq qıladı, muǵallim bir neshe bala – klass jámáátin shólkemlestiredi hám ilm–ádep úyretedi. Bul processte klass basshısı kóp mashqatlarǵa dús keledi. Sonıń ushın shákirtler ustaz aldında bir ómirlıq qarızdar ekeń liklerin seziwleri tiyis. Shákirt padshalıq mártebesine erise hám muǵallimge qulluq qılsa arzıydı.

Klass basshısı oqıwshılardı ruwxıylıq–ádep–ikramlılıq tǵrbiyalar ekeń , ol óz xızmetinde tómendegi talaplarǵa ámel qılıwı kerek:

– klass basshısı oqıwshı ata–anasınıń mánsebi, baylıǵına qarap balaǵa qarım–qatnas qılmaslıǵı tiyis ;

– klass basshısı balalarǵa ádep–ikramlılıq normaların úyretiwi kerek;

- mánmenlik, nadanlıq sıyaqlı illetlerde oqıtıwshı ádep–ikramlılıǵına jat illetler ;

– xalıq názerinde alım esaplanatuǵqın oqıtıwshılar jaman jumıslarda, fisqu–fasaddan ózlerin tıya biliwleri zárúr.

Klass basshısınıń ata–analar menen tuwrı qarım–qatnas qıla alıwı quramalı, nazik jumıs. Házirgi ata–analardıń kópshiligi orta yaki joqarı kópshilik maǵlıwmatlı kisiler, olar waqıtlı baspada, radio arqalı pedagogikalıq xabarlardı bilip aladı. Sonday jaǵdaylar hám boladı, úl hám qız bala mektepte ózbasımshalıq qıladı, leykin shańaraqta xúsher hám sózge qulaq saladı, yaki kerisinshe. Shańaraqta qarım–qatnası qopal, ózbasınsha, metkepleri jaqsı qarım–qatnaslı, tártipli tutadı. Bunıń sebebi nede ? Bunday halatlardıń hámmesi ushın bir qıylı sebep hám tuwrı juwaptı tabıw qıyın. Hár bir halatta onıń sebepleri túrlishe, demek klass basshısı hám ata–analardıń maqsetleri bir qıylı bolsa hám, olardıń birgeliktegi islesiwi, bir–birin túsiniwi, qarım–qatnas múnsibetlerin qarama–qarshılıqlarsız bolmaydı.

Klass basshısınıń xızmeti kamal tawıp atırǵan kisi shaxsın payda etiwge qaratılǵan bul xızmettıń nátiyjeleri tárbiyalanıwshınıń kórinisinde, onıń shaxsındaǵı ózgeshliklerinde, xarakter hám minez–qulqında óz kórinisin tawadı. Eger tárbiyashı pedagog nege umtılıp atırǵan bolsa rawshan hám anıq túsinilmegen jayda tárbiyalanıwshılar shaxsın rawajlantırıwǵa umtılıw bolmaydı, bálki tárbiyada ótkeriletuǵın jumıs tosattan tusge iye bolıp, bunıń ushın ajıratılǵan waqıttı toltırıw ushın alıp barıladı. Tárbiya xızmetiniń maqsetlerin anıq bilmegen hám bul maqsetlerdi esapqa almaǵan halda tolıq qımmatlı tárbiya joq hám bolıwı múmkin emes.Ruwxıylıq–ádep–ikramlılıq tárbiyanıń maqseti jámiyet talaplarına baylanıslı bolıp, bul talaplar óz náwbetinde

islep shıǵarıwshı kúshlerdiń rawajlanıw dárejesi hám jámiyette jaslardı oqıtıw hám tárbiyalaw jumıslarınıń hámmesi jas áwladqa ruwxıylıq ádep hám isenimdı qáliplestiriwge, olardı ?atanǵa sheksiz sadaqat ruwxında tárbiyalawǵa xızmút qılıwı tiyis.

Jaslardı ruwxıylıq–ádep–ikramlılıq tárbiyalaw dizimin rawajlantırıwda baslawısh mektep zárúr orın iyeleydi.

Ruwxıylıq–ádep–ikramlılıq tárbiya – ruwxıylıq sananı bir maqsetti kózlep payda qılıw, ádep–ikramlılıq sezimlerin rawajlantırıw hámde minez–qulıq kónikpeleri hám ádetlerin payda qılıwdan ibarat. Klass basshısı oqıwshılardı ruwxıylıq–ádep–ikramlılıq tárbiyalawdıń tómendegi wazıypaların sheshiwi kerek.

Tuwılıp óskeń jayına, Ózbekstan Respublikasına joqarı muhabbat sezimlerin, onıń tábiyatı hám kisiler haqqında, watannıń qorǵawshıları hám miynet qaharmanları tuwrısında, ata–babalarımız olardı dún`ya civilizaciyasına qosqan úlesleri tuwrısında kóbirek biliwge umtılıwdı tárbiyalaw.

- Oqıwshılarda Watanımızdıń bay tariyxı, sonıń menen birge basqa mámleketler tuwrısında, tınıshlıq ushın gúres haqqında shet ellerdegi balalar shólkemleri haqqında dlásoepki túsiniklerin payda qılıw.

- Balalardı joldaslıfq sezimlerin, basqalarǵa járdem kórsetiw qızıǵıwın, ulıwma payda jolında birgelikte xızmet kórsetiwge umtılıwın payda qılıw. Balalar ortasında, úl hám qız balalar ortasında doslıq qatnasıqların xoshám etlew, ótirik joldaslıq kórinislerine qarsı gúres alıp barıw tiyis.

- Óz sózi hám wádesi ushın, oqıtıwshı hám kollektiv tapsırmalarınıń orınlanıwı ushın juwapkershilik sezimin tárbiyalaw.

- Balalarda kisilerge tuwrı múnsibetti. Garrılar, awırıwlar, invalidlerge itibar hám ǵamxorlıqtı, tártipli, kishipeyil, kemtar hám hám haqgóy boılwdı tárbiyalaw. Oqıwshılardı bárshe kisilerdiń jaqsı hám jaman qattı–háreketlerin parıqlay alıwǵa, óz qattı–háreketlerine hám joldaslarınıń qattı–háreketine adalatlı

baha beriwge úyretiwi óz kúsh ǵayratın oqıwshılarda napaklıq, ádalatsızlıq, kisilerge reyim –shapatlı bolıwǵa qaraǵanda jaman múnsibetti payda etiwge qaratıwı kerek.

Oqıwshılardı tárbiyalaw oqıtıwǵa qaraǵanda qıyın pikirdi oqıtıwshılar arasında tez–tez esitiw múmkin. Ruwxıylıq –ádep–ikramlılıq tárbiya tálim beriw menen bekkem baylanısta bolǵanı halda, óziniń ózgesheliklerine iye. Ruwxıylıq –ádep–ikramlılıq tárbiya ósip kelatırǵan áwladtı tárbiyalawdı bárshe processlerin bilim beriw hám úyretiw menen birge qamtıp aladı. Bunday eki ózwara baylanısqa tárep : turmıstı biliw hám oǵan bolǵan múnsibetin payda qılıw processleri ajıralıp turadı. Turmıstı bilim maǵlıwmat alıwdıń tiykarǵı funkciyası, oǵan bolǵan múnsibetin payda qılıw tárbiyanıń tiykarı wazıypasın shólkemlestiredi.

Klass basshısı tek tálim–tárbiyanıń birligin emes, bálki olardıń ózgesheliklerin hám kóre biliwi zárúr. Mekteptegi tárbiya insan shaxsın payda qılıw júzesinen alıp barılatuǵın úlkeń jumıstın bir bólegi, ol balanıń aldınǵı tájiriybelerin esapqa alǵan halda shólkemlestiriledi, ondaǵı bárshe jaqsı sıpatların óstirip, nadurıs túsinikler, ádetlerdi dúzetip barıwı hám bolajaq sıpatǵa tiykar tayarlawı kerek. Ruwxıylıq–ádep–ikramlılıq tárbiya oqıwshı tamamlaǵanan keyin tamam bolmaydı, ol pútin ómir boyı dawam etedi.

Ruwxıylıq –ádep–ikramlılıq tálim–tárbiya beriw menen baylanıslı bolǵanı halda, óz ózgesheliklerine, ózine tán wazıypaları, onı shólkemlestiriwdiń forma hám metodlarına iye bolıp, arnawlı ráwishte úyreniliwi tiyis.

Oqıwshılardı ruwxıylıq –ádep–ikramlılıq tárbiyalawdıń zárúrli shárti sıpatında olardıń oqıw hám oqıwdan tıs hár qıylı xızmetleriniń birligi tuwrısındaǵı túsinikler menen baylanıslı.

Bir maqsetke qaratılǵan tárbiya processinde tárbiyalanıwshılardıń fizikalıq hámde ádep–ikramlılıq jetikligi ósip barıwı olardıń ózbetinsheligi hám dóretiwshilik aktivligi artıp baradı.

Klass basshınıń xızmeti kóp qırlı hám mazmunlı. Ol ózi basshılıq qılıp atırǵan klass oqıwshıların tárbiyalaw menen bir qatarda oqıw jılı yaki sherek adwamında neler qılıw kerekligi balalar turmısın ne menen bánt qılıw hám tanlanǵan jumıs túrin qanday ámelge asırıwdı qátesiz anıqlaw sıyaqlı quramalı mashqalanı sheshedi. Bul haqqında klass basshına túrli qıylı derekler járdem beredi.

Tárbiyaǵa kompleks jandasıw bir oqıwshını hám itibardan shette qaldırmaw klass basshısı ushın ayrıqsha másele. Tárbiyalaw ushın klass basshısı tárbiya ob`ekti bolǵan balanı jaqsı biliwi, onı tutas qabıl etiwi kerek. Kópshilik klass basshıları balanı sabaqta oqıwshı, jarısda sportshı sıpatında, yaǵnıy hár bir anıq jumıs sharayatında kelip shıǵıp qabıl etedi hám soǵan kóre qarım– qatnas qıladı, bala shaxsınıń basqa tárepleri házirshe esapqa alınmaydı. Biraq hár bir balanıń óz tájiriybesi, óz emocional mádeniyat dárejesi, qádirleytuǵın nárseler, ıqtıyatları, talapları, úmitleri, baylanıslar, múnsibetleri sıyaqlı pútin bir dún`yası bar. Tárbiyada solar esapqa alınıwı kerek. Klass basshısı óz oqıwshınıń ishki dún`yasın, keshirmelerin, minezinde payda bolıp atırǵan halatlarınıń sebebin, erk jaqsı bilse ǵana onıń qálbine jol taba aladı hám balaǵa tásir etiwdiń tuwrı jolın anıqlaydı. Sonday sıpatlarǵa itibar bergen klass basshısı tárbiyada jetekshi orındı iyeleydi.

Sonı hám unıtmaslıq kerek, balaǵa tárbiyalıq tásir etiwshi faktorlar házirgi dáwirde júdá kóbeyedi: shańaraq, keń jámáátshilik, radio, televidenie, kino, teatr, kitap, jurnal, muzıka hám basqalar.

Klass basshısı balalardı jaqsı bile alıwı ushın olardı úyreniw sabaqta, sabaqtan tıs waqıtlarda ulıwma balanıń turmısı ótetuǵın bárshe sharayatlarda ámelge asırıladı. Balanı úyreniw menen klass basshısı onıń individual ózgeshelikleri haqqında anıq maǵlıwmatqa iye boladı.

Balanıń individual ózgesheligi onıń minezine, ózlestiriwine, múnsibetlerine jámááttegi ornına tásir etedi. Usı sebepli kollektivtegi individler tárbiyalanıp atırǵan ayrıqsha oqıwshını umıtıwı jaramaydı. Klass basshısı

kópshilik shólkemlestiripwshilik jumısların uyımlastırıwda kimge súyeniw, kimge qanday wazıypa júklew, kimge mustaqillik beriw hám kimge sistemalı járdem beriw k erekligin tek olardıń individual ózgesheliklerin jaqsı biliw arqalı qátesiz anıqlaydı. Demek, individual múnsibet balaǵa tárbiyalıq tásir etiwdiń eń nátiyjeli jolın tabıw múmkinshiligin beredi.

Tárbiyalıq isler processinde klass bashısı pútin klass jámáátin hám úyreniwi kerek.

Klass basshısı ózine berilgen klasstı qabıl qılıp alıw menen balalar haqqında kópshilik maǵlıwmatlardı anıqlaydı. Bu maǵlıwmatlar balanıń shańaraǵınan oqıtıwshılardan, ortaqlarınan alınadı hám tárbiyaǵa tutas tásir birligi hám usı tiykarda payda boladı.

Mıne usı orında balalar ata–analar hám oqıtıwshılar ortasındaǵı óz–ara múnásibetler máselesine ayrıqsha itibar beriwi tiyis. Bul úshlik orayında balanı, yaǵnıy oqıwshı turalı, mektep hám shańaraq oǵan eki tárepten tásir etedi. Bala mektep menen shańaraqtaǵı baylanıslı támiyinlewshi quralı rolin hám orınlaydı. Lekin onıń mektep haqqındaǵı shańaraqqa jetkeretuǵın maǵlıwmatları bárqulla hám haqıyqatǵa tuwrı kele bermeydi hám ol hátte kúndelik arqalı beriletuǵın xabarları hám ózine talıqlap baradı. Kópshilik shańaraq menen mektep ortasında payda bolǵan qátelik usı arqalı payda boladı. Oqıwshı úlkeń lerdiń ózi menen qarım–qatnas qılıp atırǵan waqıttaǵı póziciyasın salıstırıp kóriw arqalı málim juwmaqqa keledi hám ózi húkim shıǵaradı. Usı hal onıń minezinde óz sáwlesin tawadı hám ol bir waqıt oqıtıwshınıń, basqa waqıt ata–anasınıń tárbiyasın aladı. Hátte eń újdanlı balada hám bul haldı payda bolıwı tábiiy.

Usı jaǵdaydıń payda bolmawı ushın ata-anaǵa járdem beriw, oqıtıwshı menen ata–ana ortasındaǵı birgelikte tuwrı bolıwında shańaraq tárbiyasına basshılıq qılıw zárúr. Bunıń ushın ol hár bir shańaraq hám hár tárepleme

úyreniw kerek. Klass basshısınıń shańaraqlıq sharayatın individual múnasibet ushın ol tómendegilerde óz ishine alǵan dástúrge iye bolıwı kerek :

- Shańaraq haqqında ulıwma maǵlıwmat, shańaraq quramı, úlkeń lerdiń jumıs jayı, shańaraqtıń materiallıq tárepinen paydalanǵanlıq dárejesi, úy jay sharayatı.

- Shańaraqtıń mádeniy dárejesi, shańaraq aǵzalarınıń maǵlıwmatı, shańaraqlıq kitap xana bar joqlıǵı, baspa sózge jazılıwı. Dástúrleri hám shańaraqlıq bayramları.

- Shańaraqtıń tárbiyalıq múmkinshilikleri, ata–ananıń balaǵa hám balanıń ata–anaǵa múnsibeti, olardıń insanıylıq jetikligi hám kórinisi balalardı óz ata–analarınıq kásibi haqqında túsinikleri, shańaraqta jaman tásirdiń bar joqlıǵı.

- Balaǵa shańaraqtan tıs kórsetilip atırǵan tásirler hám ata–analarınıń olarǵa múnsibeti, joldasları, háwlı, kóshe, qońsılar, ata–ananıń tanısları, aǵayınlar hám basqalar.

Klass basshısı tárbiyalıq jumısınıń tabısı kóp. tárepinen onıń balalar ishki dún`yasına tereń sınıp kiriwine, olardıń keshirmeleri hámde minez–qulqın túsiniwge baylanıslı. Oqıwshınıń ne menen jasap atırǵanlıǵı, onıń qızıǵıwı hám meyilleri qandaylıǵın erkinió ózine tánligi hámde xarakteri ózgesheliklerin úyreniw degenimiz, onıń qálbine múmkin isenimli jol tabıw, oǵan tárbiyalıq tásir etiwdiń hámde maqul metodlarınan paydalanıw demek.

Tárbiyashı oqıwshınıń individual ózgesheliklerin jaqsı úyreniw hám túsingen táǵdirde ǵana, bul oqıwshı shaxsın tabıslı tárbiyalap jetistire aladı. Oqıwshılardı úyreniw oqıtıwshınıń, ayrıqsha klass basshısınıń wazıypası. Ol oqıwshılardı tek sabaqta ǵana emes, bálki klasstan tıs waqıttan olarǵa tárbiya beriw waqtında hám , oqıwshılar úylerine barǵanda hám, hár qıylı ekskursiyalar waqtında hám úyrenedi.

Klass basshısı klassqa qabıl qılıp alǵannan keyin, onıń birinshi jumısı, ádette, oqıwshılardı úyreniwi menen baylanıslı boladı.

Bul jumıs onıń ózi bekitilgen klasstaǵı pútin jumıs xızmeti dawamında dawam etedi háǵm onıń tárbiyalıq jumıs sistemasında zárúr bir tárepin shólkemlestiredi.

Oqıwshılardıń ózine tán ózgeshelikleri olardıń minezleri hám meyillerin. Olar alǵan tárbiya processin bilgen halda, málim maqsetke qaratılǵan hám tásirshen reje dúziw ańsat boladı.

Málimki, oqıwshı shaxsınıń payda bolıwı hám rawajlanıwı bir tegis bolmaydı. Klass basshısınıń usı oqıwshı tuwrısında kelgen belgileri búginge kelip jeterli bolmay qalıwı múmkin.

Tuwrı oqıwshılardı úyreniw kóp waqıt hám kúsh talap etedi. Biraq keyinshelik bular hámmesi úlkeń nátiyjeler beredi. Klass basshısı oqıwshılardı, olardıń ózgesheliklerin bilgen halda, olar kamalatı processin tabıslı tárizde jolǵa salıp jetisiwi múmkin boladı. Oqıwshılardı úyreniwge basqa oqıwshılar, jetekshiler hám ata–analar tartıladı.

Bunda oqıtıwshılar hámde klass basshıları jumısındaǵı múnásiplikke ámel qılıw hám zárúr. Oqıwshılardı úyreniwdiń nátiyjeleri menen barlıq oqtıwshılardı tanıstırıp barıw zárúr. Usı menen birge olardıń hár qaysı oqıwshı tuwrısında bilgenlerin hám esapqa alıw tiyis. Bular oqıwshılarǵa tárbiya beriw processinde olarǵa bir qıylı talaplar qoyıw hám olarǵa bir qıylı qarım–qatnas qılıwǵa erisiwge járdem beredi. Oqıwshılardı úyreniw olarǵa individual jandasıwdıń zárúr shárti. Oqıwshılardı úyreniw olarǵa tálim hám tárbiya beriw processinde hár qaysı oqıwshıǵa individual jandasıwǵa erisiw maqsetinde úyreniw tiyis. Oqıwshılar óz xarakterine qızıǵıwı hám meyline kóre bir qıylı emes. Olardan bir qıylıları birmunsha shaqqan, basqa bir qıylıları tómen, uqıpsız, bázi oqıwshılar kúshli hám jasur , basqa birewleri uyatshan hám tartınshaq boladı. Bázi bir oqıwshılar óz shólkemlestiriwshiligi hám qatıylıǵı menen ajıralıp tursa, basqa beriwlerinde bul ózgeshelikler bar emes. Sonday–aq, klass bir birine uqsamaǵan, túrli ózgesheliktegi balalarda shólkemlestirilgen bir topar. Klasta sırtqı kórinis tárepinen bir–birine uqsas

balalar bolmaǵan sıyaqlı, óz ishki ózgeshelikleri tárepinen bir–birine uqsaytuǵın balalar hám bolmaydı. Olardıń xarakteri, qızıǵıwları, keypiyatları hám qálewleri, olardıń minez–qluıqları sebepleri, bilim hám knikpeleri, ádette, túrlishe boladı. Hár qaysı oqıwshı ózine tán , basqalarǵa uqsamaytuǵın ózgeshelikke iye boladı. Ol ayrıqsha shaxs sıpatında kamal tawıp baradı.

Ǻdette klass basshısı klasstaǵı bárshe oqıwshılarǵa qaraǵanda tutas tárbiyalıq wazıypaları qoyadı hám sheshedi. Mısalı, ol óziniń bárshe oqıwshıların miynetsúygishlikke, bir jan bir tan bolıwına, haqqanıylıqa úyretiwge háreket qıladı. Biraq bul wazıypalardıń sheshiw jolları, qural hám metodları oqıwshılardıń individual ózgesheliklerine qarab túrlishe bolıwı múmkin. Olardıń bázilerin óz waqtında xoshám etlew, bázilerine buyırıw minez–qulıq qaǵıydaların buzǵan oqıwshılardı jazalaw kerek. Oqıwshılarǵa tuwrı tárbiya beriw ushın tárbiya processinde olarǵa individual jandasıwdı ámelge asırıw kerek. Bunıń ushın olardı tereń hám hár tárepleme úyreniw tiyis. Klass basshısı óz oqıwshıların bilmese, ol oqıwshılarǵa jandasıwda, pedagogikalıq tásir kórsetiw metodların tanlawda úlkeń qátelerge jol qoyıwı múmkin.

Oqıwshılarǵa individual qatnasta ámelge asırıwı tárbiya hám tálim principlerinen biri . bu princip oqıwshılar hám klass basshılarınıń oqıw–tárbiyalıq jumıs tájiirybelerinen balalardı súyiw hám húrmet qılıwdıń kóriniwi, olardıń jetilisiwi tuwrısında kúndelik ǵamxorlıq qılıw tiykarında keń qollanadı.

Tárbiyashı oqıwshılar jámáátin tárbiyalap ekeń , hesh qaysı oqıwshını názerden shette qaldırmaslıǵı kerek. Oqıwshılardıń minez –qulqı tártipli, ózlestiriw kóp tárepinen olardıń individual ózgesheliklerine baylanıslı . Bázi bir oqıwshı óziniń oqıwǵa shıdamsızlıǵı ushın sabaqlarǵa úlgermeydi, ekinshi biriniń sabaqta jaman juwap beriwge óz tartınshaqlıǵı kesent beredi, jáne biriniń jaqsı oqıwına ózlestirmegenliginiń sebeplerin bilgen taqdirde ǵana, onıń aldın alıw barasında, real hám tásirshen ilájlar qollaw múmkin boladı.

Oqıwshılardıń individual ózgesheliklerin bárqulla esapqa alıw zárúr

Oqıwshılarǵa individual jandasıw bul hár qaysı oqıwshınıń ózgesheliklerine aktiv tárizde maslasıw emes. Bul eń aldı menen hár qaysı oqıwshınıń individual ózgesheliklerin, onıń psixologiyalıq rawajlanıwı ózgesheliklerin, onıń shaxsiy tájiriybesin esapqa alǵan halda oǵan tárbiyalıq tásir kórsetiwiniń jánede nátiyjeli jolların aktiv ráwishte qıdırıp tabıw. Bunday jandasıwǵa tek tárbiyalaw hám oqıtıw qıyın bolǵan oqıwshılar ǵana emes, bálki hámme oqıwshılar mútáj, tárbiyasınıń oqıtıwshınıń wazıypası tek qalaqlardı hám tártipsizlerdi aldınǵı hám tártipliler qatarına jetkerip alıwınan ibarat emes, bálki usı menen bárshe oqıwshılardıń, tiykarınan eń jaqsı tártipli bilimli ónerge háwes balalardıń hám aqılıy, hám quwatların hám shólkemlestiriwshilik qábiletlerin hár tárepleme rawajlantırıwdan ibarat.

Oqıwshılarǵa tárbiya beriw processinde olarǵa individual tárizde jandasıw hár qaysı oqıwshınıń óz názer–itibarında tutıwdan, onıń ózgesheliklerin biliwden, onıń jaqsı ózgesheliklerine tayanıwdan, oǵan awır waqıtlarda sistemalı járdem kórsetip barıwdan hám onı jaqsı qattı–háreketi ushın xoshám etlep turıwdan ibarat.

Oqıwshılardı úyrenip, olarǵa tárbiyalıq tásir kórsetiw. Oqıwshı shaxsın úyreniw hám pirovad maqset emes, bylki olardaǵı tálim–tárbiya beriw ushın zárúrlik shárt–sharayat. Ǻdette tájiriybeli klass basshıları úyrenip atırǵan tárbiya beriw, tárbiyalanıp atırıp úyrenip barıw qaǵıydasına ámel qıladı, oqıwshılardı úyreniw bul tárbiyashılar ushın tabıslı tárbiyalawdıń zárúrlik shárt–sharayatı bolıp xızmet qıladı, tárbiyalaw óz náwbetinde oqıwshılardı kamal taptırıw processinde olardı úyreniwdin tiykarǵı jollarınan biri sıpatında paydalanıladı.

Oqıwshılardı úyreniw barasındaǵı jumıslar shaxstı kamal taptırıwdıń tábiyǵıy tárizde aktiv qatnasıwı menen, oqıwshılarda zárúrlik ruwxıylıq ózgeshelikleri hám xarakter ózgesheliklerin payda qılıw menen organik ráwishte qosılıp ketedi.

Klass basshısı oqıwshılar minez–qulqındaģı jaqsı ózgesheliklerin rawajlantırıw, jaman ózgesheliklerin joq qılıw « proektlew».

Oqıwshılardı úyreniwdi rejeli tárizde hám sistemalı alıp barıw kerek.

Oqıwshı minez–qulqındaģı jeke–yarım ushıraytuģın hám tosattan waqıyalardı emes, bálki onıń shaxsında júdá kóp ushıraytuģın tipikalıq ózgesheliklerin úyreniw kerek. Sonı esapqa alıw kerek oqıwshılar hámme waqıt ósip kamal tawıp baradı. Olardıń qızıģıwları bárqullar ózgerip baradı, olardıń ishki dún`yaları bárqulla bayıp baradı. Sonıń ushın hám oqıwshılardı tek rawajlanıwına úyretiw hám bul rawajlanıwdı aktiv basqarıp barıw kerek. Oqıwshılardı jánede jaqsı, hár tárepleme úyretiw ushın qılınatuģın mashqalalardıń bárshe múmkinshiliklerinde paydalanmaq tiyis. Tek oqıwshılardıń ayırım qattı–háreketlerine bul qattı –háreketler kórinislerin shólkemlestiriw tájiriybelerin úyreniw hám talıqlaw tiykarında oqıwshılardı úyreniwde ámel qılıwı tiyis bolģan talaplardı sonday sáwlelendiriw múmkin.

Balalardı úyreniw olarģa tárbiya hám tálim beriw sıpatın asırıwģa boysındırıwı tiyis. Oqıwshılardı sistemalı tárizde úyreniw tiykarında baslawısh jámáátke hám ayrıqsha oqıwshılarģa tárbiyalıq tásir etiwdiń jánede nátiyjeli usıl hám metodların tanlap alıwģa dóretiwshilik jandasıw múmkin boladı. Oqıwshılardıń individual ózgesheliklerin, meyilleri hámde qızıģıwların esapqa alıw menen sheklenip qalıw nadurıs boladı. Bul úyreniw tiykarında oqıwshılardıń ózine tán ózgesheliklerin esapqa alıp, bular menen alıp barılatuģın tárbiyalıq jumıstı shólkemlestiriw zárúr. Óz oqıwshılarına jaqsı úyreniw demek, sırtqı tárepine emes, bálki olar minez–qulıq seberlerin úyreniwge itibar beriwi tiyis.

Oqıwshılardı tábiyģıy turmıs hám jumıs xızmeti sharayatında úyreniw.Oqıwshı tálim processinde social paydalı másláhátģa hám jámáát isine tártip tiyis. Oqıtwshılardıń oqıtıwshı hám oqıwshılar jámááti, ata–analar hám dógerek–átiraptaģı kisiler menen kirisetuģın múnasibetleri úyretiw hám júdá zárúr áhmiyetke iye.

Oqıwshıları  hár qıylı metodlar hám usıllar menen úyretiw. :yreniw metodları qansheli túrli tuman bolsa, oqıwshılardı  sonshelli tolıq hám tiykarlı úyreniw múmkin boladı.Oqıwshılardı  úyrenip, olar turmıs sharayatları menen tanısıw.

Oqıwshılardıń ádep–ikramlılıq özgeshelikleri, onıń tabıslar hám kemshilikleri, eń aldı menen onıń tálim hám tárbiya alıw processinde social úy sharayatı,  dógerek–átirapı hám áhmiyetke iye boladı. Oqıwshılardı  úyreniw dástúri olardı tek  mektepte ǵana emes, bálki  usı menen birge  úy sharayatında, shańaraqta hám  úyreniwin názerde tutadı.

Shaxstıń ayrıqsha  ózgesheliklerin emes, bálki  pútin shaxstı  úyreniw tiyis. Tájiriybeli klass basshıları oqıwshılardıń túrli  ádep–ikramlılıq  fizikalıq ózgesheliklerin bir qansha  klasslar arqalı  ańsat anıqlap qoyadı. Fizikalıq tárbiya sabaqlarında  turnikke tartınıw qıyın hám názik  shınıǵıwlardı orınlawda, vrach xanasınan emlew processinde, bir az qıyınraq  miynet tapsırmalarında , olardan uzaqdaǵı bir kisini shaqırıp keliw, jaqtırmaǵan  jumısın buyırıw arqalı olardaǵı erk  hám qorqaqlıq, kúsh  hám kúshsizlik, qatıylıq hám juratsızlıq, miynetsúyiwshilik  hám jalqawlıq  sıyaqlı ózgeshelikler payda boladı.

Oqıwshılardı baqlaw hám onnan toplanǵan maǵlıwmatlar  shám alıq payda qılıwın  umıtmaslıq  tiyis. Sonıń ushın  tosatta hám  asıǵıs juwmaqlar shıǵarmaslıq  kerek. Oqıwshılar minez–qulqındaǵı  sırtqı tárepinen bir qıylı waqıya – hádiyseler  túrli sebeplerge kóre payda bolıwı múmkin.

Oqıwshılaprdı baqlaw dawamında, ayrıqsha olardıń bázi bir  qattı –háreketlerin bahalawda  olardıń keltirip shıǵarǵan sebeplerin anıqlap alıw hám júdá zárúr. Mısalı, oqıwshı  sabaqqa  keshigip keldi, deylik. Klass basshısı onı qoyıwdan aldın  jaǵdaydı anıqlaw  alıw maqsetke muwapıq. Bul halatta bálki ata–ana  ayıbdar, bálki  olsóqır  kisini kósheden ótkerip  qoyǵan, bálki jolda awanap túsip, kiyimlerin qayta almastırıp  kelgen, turmısta  hámme nárse bolıwı múmkin, bunı inkar qılıp bolmaydı.

Bázı oqıwshı oqıtıwshınıń sózlerin itibarsız tıńlaydı. Bul oqıtıwshıda narazılıq oyatadı hám ol haq. Bálki onıń shańaraǵında tınıshsızlıq bolǵanı ol tun boyı uyıqlamastan bezovta bolıp shıqqan, sabaqta pikirin bir joyǵa toplay almaydı.

Ne bolsa hám, oqıwshılardı baqlaw joqarı mádeniy, saqıy qálip balalar shaxsına úlkeń húrmet, balalar tárbiyasın biliw, sınsheklewlik, jetik sheberlik hám kónikpe talap qıladı.

Pedagogtıń baqlawı qanshelli qımmatlı bolmasın, pútin klass haqqında hám ayırım oqıwshılar tuwrısında maǵılwmatlar úyreniwdiń basqa usıl hám jol–jorıqları járdeminde anıqlawdı hám keńeytiriwdi talap etedi. Bunnan kelip shıǵıp, mektepte oqıwshılar shaxsiy jumısın nátiyjeli shólkemlestiriw zaman talabı. Bunıń ushın olarǵa miynetti ilimiy shólkemlestiriw aqılana eń ápiwayı usılların úyretiw zárúr. Bul menen olarǵa eń kem kúsh sarıp qılıp kóp nátiyjege erisiw múmkinshiligin jaratqan bolamız.

Miynetti ilimiy shólkemlestiriwdiń tómendegi tiykarǵı talapları bar :

-Maqsetti anıqlap alıw.

-Jumıstı bóleklerge ajıratıw.

-Bóleklerdi kereksiz zatlardan tazalaw, qalǵanların aqılana jaylastırıw.

- Eń kerekli qural –ásbaplardı tańlaw.

-Eń jaqsı usıllardı úyreniw.

-Maqsetke erisiw.

Bulardı oqıwshılar turmısına qanday engiziwge boladı ?

Oqıw –aqılıy miynet túrlerinen biri. Mámleketimizde millionlap oqıwshılar mekteplerde oqıydı. Oqıw – bul ózine tán ózgeshelikke iye miynet. Usı nárse anıq, bul miynet bir nátiyjege erisiw ushın kóp yaki az kúsh sarıplawǵa qarap ol yaki bul dárejede nátiyjeli bolıwı múmkin.

Oqıwshılardı hár bir jumısqa kirisiwinen aldın jazba, awızeki reje dúzip alıwǵa úyretiw kerek. Social islep shıǵarıwda, shaxsiy jumısta hám tártiplilik,

tejemlilik rejeniń barlıǵın hám ideallıǵına baylanıslı.Reje – jumıstaǵı tabıstıń tiykarı.

Rejeniń quramalı bólekleri:

-Jumıs maqsetin anıqlaw.

- Jumıs ushın neler kerek ?

- Jumıs tártibi, jumıs processi, waqtı, jayı.

Jumıstıń ózin, onıń neden baslanıwı, qanday barıwı, neden keyin keliwin anıq oylaw kerek.

Jumıstı orınlaw ushın eń aldı menen tiyisli jumıs ornı kerek. Mekteptegi kópshilik sabaqlar ushın parta yaki stol sıyaqlı jumıs ornı tolıq kerek boladı.

Endi jumıs ornına tómendegi talaplar qoyıladı :

- Jumıs ornında hesh qanday artıqsha nárse bolmaslıǵı kerek. Kerekli nárseni tabıw ushın kóp waqıt sarıplanadı.

-Jumıs ornında tazalıqtı támiyinlew kerek. Jumıs ornı qanshelli taza bolsa, islew sonshallı ańsat, zawıqlı boladı.

- Jumıs ornında orınlanatuǵın jumısqa muwapıq tártip támiyinlew tiyis. Bizge kerek bolatuǵın hámme nárseni bir tárepten (jaqsı shepte), orınlanǵan hám paydalanılǵan nárselerdi oń tárepte saqlaw kerek. Kóp isletiletuǵın nárseler jaqınraq turıwı kerek.

Stolda tártip saqlanıwı ushın ruchka, qálem, knopka, qısqısh, óshirgish hám arnawlı qalemdannan paydalanıw orınlı. Sonı unıtmaslıq kerekki, klass x`anasında tártip, azadılıq hár bir jumıs ornındaǵı tártip hám azadalıqqa baylanıslı.

Bul túrdegi jumıs processi oqıwshılardı tánrtiplilikke, azadalıqqa, óz–ózin qadaǵalawǵa, qızıǵıp miynet qılıwǵa úyretedi.

## 1.2.Klass basshisiniń joqari ruwxiy jetiskeń ligi hám pedagogikalıq sheberligi.

Mektepte oqıwshılargi tarbiya klass basshısınıń isleri arqalı beriledi. Tiykarinan, ilajlar, har qiyli kesheler, ushirasiwlar, tanlawlar hám basqa oyinlar arqalı oqıwshılarga talim –tarbiya beriledi. Sogan qarap oqıwshılardin pikirlew qabileti rawajlanip baradı. Klass basshisi mektep administratsiyasi menen birgelikte hám mahalle jamaati, ata–analar menen birgelikte tarbiyaliq jumıslardı alıp baradı. Mektep administratsiyasi klass basshisi hám onıń alıp baratirgan jumısların barqulla qolap–quwatlawlari tiyis. Klass basshisi óz oqıwshılarin jaqsi biledi hám olardı tarbiyalan ushın neler kerekligin esapqa alıp jumıs alıp baradı. Klass basshisi jumısi ruwxıyliq hám agartiwshiliq isleri boyınsha, yagniy sholkemlestiriwshi direktori orinbasari basqarip turadi.

Klass basshısınıń jumıs rejesin mektep direktori hám direktor orinbasari duzedi hám qadagalap baradı. Baslawish klass mektep taliminin daslepki basqishi balalar oqıtıwshı basshiliginda talimdi birinshi qadem qoyadi. Oqıw xizmetinde bilim, konıkpe hám epliliklerin iyeleydi. Oqıtıwshı klass menen kobinshe jalgiz isleydi hám tarbiyashi sipatinda jumıs juritedi. Oqıtıwshıliq balalarga bolǵan munasibette, ulkeń miyirbanligi menen gamxorligi xarakterlenedi. Bular ulkeń talapshanliq menen alıp bariladi. Oqıwshılar menen bolatugin óz–ara munasibetlerin tuwri jolga qoyıw hám de oqıwshılardin osiwi hám rawajlaniwina qarap olardı qayta quriw ózgesheligi hám klass basshisi ushın zarurli ahmiyetke iye. Oqıtıwshılar tarepinen oqıwshılarga qoyilatugin pedagogikalıq talaplar beriwge erisedi, ata–analar, kuni uzaytirilgan topar tarbiyashilari jamaatshilik menen barqulla baylanista bolıp turadi. Zarur bolǵan waqıtta oqıwda oqıwshılarga jardem korsetiwdi sholkemlestiredi. Klass basshisi qilatugin jumıslari hujjetlerin alıp baradı hám onı mektep adminiyatratsiyasina usınıs qiladi.

Oqıwshılar salmamatligin bekkemlewge tan jumıslarda otkeredi hám fizikaliq hám de aqiliy miynet qiliwga uyretip bariladi. Klass jamaatin sholkemletsiriwde, klass majilisin sholkemlestiriwde klass basshısınıń roli ulkeń esaplanadi. Klass majilisi otkeriw ushın en aldi menen jamaati birlestiredi. Klass basshisi majiliste koplep maseleler koredi. Klass majilisinde 3-4 maseleler korilip mashqalali tareplerini taliqlanadi hám óz sheshimin tabiw kerek boladı.

Klass basshisi majilis otkeriwi dawaminda jaqsi oqiytugin balalardi klassta, yagniy jamaat ishinde xoshám etlewi kerek. Balalar bir–birine dosliq munsibette boladı. Olardı bir–birine umtilip, jaqsi oqiy baslawga umtiladi. Jaman oqiytugin balalar hám jaqsi oqiytugin balalarga umtilip, olar hám jaqsi oqıwga umtiladi. Bul kitapxanadagi kitaplardi oqıwshılar klasstan tis oqıw waqtinda yaki sabaqtan son bos qalgan waqitlarda oqıp ózlerine paydali tareplerin alıwi mumkin. Biziń jas awlad xalqimizdin revolyutsiyaliq, miynet jawinger dasturlerin ózlestirip, ózine ulkeń awladtin en jaqsi paziyletlerin ideyaliq isenim hám matanatin, Watanga muhabbatin onıń ekonomikaliq–siyasiy va jawinger qudretin bekkemlewge qatansiwga umtiliwin sindirip gana qalmay óz babalari hám atalari jumısin dawam ettirip hám kobeytirip aladi. Shanaraq hám jamiyettin bir bolegi esaplanadi. Shanaraqta bala tarbiyasin jolga qoyıw ushın juda ulkeń ahmiyetke iye. Shanaraq basqa tarbiyaliq mekemelerden pariqli rawishte adamnin putin turmisi dawaminda onıń barshe tareplerine qirlarina tasir korsetiwge qadir hám adette tasir korsetedi. Shanaraq tarbiya waziypasinin bul ulkeń ornın onıń ulkeń ideologiyaliq hám psixologiyaliq tasir korsetiwinin teren ózine tanligi menen uyginlasip ketedi.

Ata–analar menen jumıs formalari adette klass basshisi óz shaxsiy ózgesheliklerin tajiriybesin oqıwshılardin shanaraqlarinda payda bolǵan ózine tan ózgesheliklerin, ata–analari bilim hám tajiriybesin, balalardi tarbiyalawda joqarida korsetip otilgen qateler hám qıyınshiiqlarinin minez–quliq ózgesheliklerin mektep pedagoglar jamaatinde ortaliqti ata–analar menen jumıs

alıp barıwda juzege kelgen dasturleri hám basqalardi esaptan alıp belgileydi. Ata–analarga pedagogikalıq bilim beriwdi amelge asiriwda tek bilim berip qalmastan, olardı tarbiya salasindagi ameliy bilim hám knoikpeler menen qurallantiriw, olardın pedagogikalıq xizmetin oyatıw mustaqil shuqillaniwga undew, maqsetke muwapiq shanaraq ishki munsibetlerin jolga qoyıw juda zarur. Ata–analar jiynalislari ata–analar menen jumıs alıp barıwdin dasturiy payda bolǵan forması. Sheshilip atirgan anıq wazıypalarga baylanıslı halda klass jiynalislarin sholkemleskeń lik, juwmaqlawshi sherek jiynalislarin temaga tan jiynalis bahis, jiynalis praktikum, ata–analardinq ulıwma talimi boyınsha klass rejesine kore jiynalis siyaqli jiynalislar bolıwı kerek. Sholkemlestiriwshilik jiynalislarinda ata–analar komiteti saylanadi, jumıs rejesi tasdiyqlanadi.

Mikrorayonda pedagogikalıq klimat ornatiw juzesinen ilajlar islep shigadi, jamaat tapsirmalari bolistiriledi hám turli jumıs bagdarlarina tan isbilermen ata–analar toparlari duziledi, ata–analar qatnasiwinda ulıwma mektep ilajlarin otkeriw rejesi muwapiqlastiriladi. Sherektegi juwmaqlawshi klass majilisleri ata–analarimizdin itibarin oqıwshılardin bilimge tan qızigiwlari, qabiletin, ádep ikramliliq erklilik paziyletlerin rawajlantiriwdagi tabislar, kemshilikleri, paydalanilmagan mumkinshilikler qaratiw maqsetin kózde tutadi. Bir temaga arnalgan jiynalislari tarbiyanin en aktual mashqalalari juzesinen otkeriledi, olarda ata–analar komiteti hám klass basshısınıń oqıwshılardi ol yaki bul tarawadgi tarbiyalanganliq darejesi tuwrisinda toplangan materiallardan paydalaniladi.

Majilis–munazaralar ata –analar itibarin tarbiyanin bir mashqalasina tartiw maqsetinde otkeriledi. Bunday majlislerdi ata–analar komiteti agzalarinda ata–analardin bir bolegi óz wazıypalarina, mekteip xarakteristikalarina naduris munsibette bolıp atirganin ata–analardin bir bolegi tayarliq keypiyatinda ekeń ligi haqqinda magliwmatlar bolǵan tagdirde otkeriw usınıs etiledi. Majilis–praktikum, ata–analardin tarbiyaliq protsesslerde qatansiwin aktivlestiriw ogan maqsetke bagdarlanmagan tus bagislaw maqsetinde otkeriledi. Ata–analardin klasstagi

ulıwma talimliq rejesine kore majeilisler aldınan belgilengen rede, belgili sistemaga muwapiq ata–analarga pedagogikalıq bilim beriwdin forması esaplanladi.

Jeke tártiptegi pedagogikalıq sawbet – klass basshısınıń oqıwshılar ata–analar menen alıp baratugin jumısinin keń atrqalgan, qulay hám natiyjeli forması esaplanadi. Sawbet jardeminde payda bolǵan maselelerdi tez sheshiw, ata–analar isenimli munasibetler ornatiw, shanaraqliq tarbiya sharayatlari haqqinda qosimsha magliwmatlar tartiptegi rawajlaniwi dasturin hám birgeliktegi pedagogikalıq hareketler sistemasin islep shigiw ata–analardin tarbiyaliq tasir korsetiwlerin hám tarbiyasi qıyın balalar minezin duzetiw hám oqıwshılar ortasindagi munsibetlerde payda bolatugin kelispewshiliklerdi sheshiw siyaqli keń kolemdegi talim tarbiyasinin wazıypalari sheshiledi.

Tarbiyaliq tasir korsetiw natiyjelegin kop tarepinen oqıtıwshılar hám ata–analardin muwapiq hareketleri menen belgileniwin nazerde tutip, balanin ózine tan psixologiyaliq ózgesheliklerin esapqa alıw, onıń minez–qulqindagi en kishi shetke shigiwlarga hám óz waqtinda itibar beriwi kerek, bunda klass basshisi ata–analarinin isenimli munsibetler ornatiw, oqıwshılar shanaraqliq tarbiya sharayatlari haqqinda qosimsha magliwmatlar alıw, ata–analardin isenimli óz–ara munasibetlerin uyretgende gana erisiledi, bunday munasibetler uyretiw hám terenlestiriw ushın jeke tartiptegi sawbetlerde paydalaniw juda zarur.

Hár bir ata–ana óz perzentin jaqsi koredi, sonıń ushın olar óz perzentinende payda bolǵan jana, sotsial tareplerin bekkemlew ushın birgeliktegi hareketleri haqqinda maslahatlesiwi zarur dep esaplaytugin klass basshina samimiy hurmet hám isenim menen qaraydi. Klass basshilari ata–analar menen birgelikte tarbiyaliq izertlewler magliwmatlarin itibarga alıwlari hám zarur. Olarǵa muwapiq osip kelatirgan kisi shaxsiy qalıplestiriwge shanaraqtin qosatugin ulesi turli jas basqishlarinda turlishe bolga hám tolıq siyaqli ózgeredi.

Bunday bilimlerdin joqligin shanaraqliq tarbiyada koplep qatelerge alıp keledi. Klass basshisi ata–analar menen islesiwde bunı esapqa almay ilaji joq. Bul tarepinen ata–analardin balalardi tarbiyalawdagi tomendegi qıyınshiliqlarin hám qatelerin ajiratip korsetiw mumkin.

1. Ata–analardin balalar menen qarim–qatnasinin jetispesligi. Olar ózleri, isleri haqqinda az aytip beredi.

Mektep balalari jamaatinin turmisi, óz balasinin qızigiwlari. Onıń jamaat isleri menen jumısqa munasibeti hám basqalar menen az qızigadi.

2. Balalardi miynet protsesslerin tartiw argali olardın miynet tarbiyasin sholkemlestire bilmeslik.

3. Ata–analar turmista jaman misallardi barligin mekteptin pedagogikalıq kush–gayratin joqqa shigaradi.

4. Ata–analar tarbiyaliq tasirdi izbe –iz emesligin andawsanda oqıtıwdi tekseriw, bir unamsiz jumıs ushın tazalaw ádep–ikramliliq immunitet payda bolıwına jardem bermeydi.

5. Shańaraqliq tarbiyanin tiykari sipatinda taqiqlawlar sistemasi, sotsial ulgi tıykarında tarbiyalay bilmeslik, bala turmisin har dayim tuwri qatti–hareketin shinigiw qilatugin tarizde sholkemlestire almasliq natiyjesi.

6. Háreketlerdiń mektep menen muwapiqlastirilmaganligi yaki ol menen kelispewshilikleri.

7. Ayirim ata–analardin balalar ulkeyib barıwi menen tarbiyaliq aktivligin paseytirip jiberiwleri, bul balalardin ata–analardan uzaqlasiwina, mektepke qızigiwi paseyiwine alıp keledi.

8. Qararlar qabil qiliwda keshigiw. Bala ulkeń bolǵannan keyin aqli kirib, duzeledi deb oylap ózin aqlamaydi, kobinshe qayta tarbiyalawdi talap etetugin pedagogikalıq tarepinen qarawsizliq halatina alıp keledi.

Pedagogikalıq lektsiya pedagogikalıq bilim beriwdin en zarur formalarinan biri. Keyingi waqitlarda ata–analarga pedagogikalıq bilim beriw keń orin iyelep,

analarga pedagogikalıq bilim beriw karxanalarindaga, klublar, madeniyat uyleri qasindagi turar jaylardagi hám ata–analar pedagogika universitetleri arqalı turli formalarda amelge asiriladi.

Ashiq esikler kuni yaki ata–analar kuni, adette mektep kanikullari waqtinda otkeriledi. Olardı sholkemlestiriw forması har turli bolıwı mumkin. Bul payda bolǵan dasturlerge hám klass basshisi doretiwshiligine baylanıslı. Shanaraqtin joqari tarbiyaliq mumkinshiligi balalar hám ata–analardin ózine tan ózgeshelikleri qanwqarindasligi, muhabbati, jaqinligi, isenimi, burish sezimi abroyliligi menen tamiyinlenedi. óz perzentinin barshe tomen hám kushli tareplerin jorgek waqtinan biletugin, olardın qalbindegi en kishi hareketin hám sezetugin hám tusınetugin ogan tasir etiwdi biletugin anadan hám atadan jaqsiraq kim hám ezgullikka, miynetsuyiwshilikke, dosliqqa, biradarliqqa, muhabbatqa uyrete baradı.

Juwmaqlap aytatuǵin bolsaq, klass basshisi har dayim oqıwshılardan xabardar bolıp turiwi kerek. Misali, bir oqıwshının ózlestiriwi jaman bolsa, onı jaqsilaw ushın oqıtıwshı birinshi orinda ata–anasi menen ushirasip, soraw kerek. Nege jaqsi oqimay atirsan, ne ushın sabaqlardi óz waqtinda qilmaydi, solar haqqinda ata–anasi menen sawbet alıp barıw kerek. Eger balanin shanaraginda hám me sharayat bolıp, bala óz jaqsi oqıwin qalese, ózi oylagan natiyjege erise almaytugin bolsa, oqıtıwshı balanin jaqsi oqiytugin dostinin janina otirgizip qoyıw kerek. Bunnan tis usıga uqsagan passiv oqıwshılardi toplap har qiyli panlerden, misali, ana tili, oqıw hám basqalardan qosimsha sabaqlardi sholkemlestirip, balalardi oqıwga bolǵan talabin, qızigiwin janede asiriwga oqıtıwshı hareket qiliw kerek. Oqıtıwshı oqıwshılardin ata–analari menen aktiv islew kerek. Mektepte klassta bolıp atirgan jumıslardan ata–analar hám xabar tawip, qiynalgan waqtinda joldas bolıwı kerek. Bunın ushın ata–analar menen oqıtıwshının ortasinda baylanistirip turiwshi baylanis dartershesin tutiwi hám onı barqulla qaldirmasdan juritip turiwi kerek.

Házirgi zaman pedagogika pani aldinda turgan zarur mashqalalardan biri oqıtıwshı hám pedagogika miynet sharayati mashqalasi esaplanadi. Oqıtıwshıda barshe pedagogikalıq ideyalar bar bolıp, onıń xizmeti arqalı bul pedagogikalıq ideyalar amelge asiriladi hám turmistqa engiziledi. Oqıtıwshınıń kop qirli hám quramali xizmetinde jas awladti ádepli, itibarli qilip tarbiyalaw, olardı ilimiy bilimler menen qurallantiriw siyaqli wazıypalar jatadi. Bulardi amelge asiriw oqıtıwshınin har qiyli xizmetine balynaisli : balalardi oqıtıw, mektepte hám klasstan tis jumıslardı sholkemtire biliw, otkeriw, ata–analar ortasinda pedagogikalıq tarqatiw jumısların alıp barıw hám basqa. Bulardi hám mesi oqıtıwshılardan teren bilimlerge iye bolıwın, óz tarawin, balalardi suyiwdi talap etedi.

Respublikamiz gárezsizligi dagazalangan sane xalqimiz turmisinda ulli waqiyalardan esaplanadi. Endi xalqimiz ózinin bay tarixi, madeniyati, urip–adetlerin uyreniwi, keń jayiw, ózligin taniw mumkinshiligine iye boladı. Bul waqiyadan son kop sanli oqıtıwshılar jamaatleri aldına watan rawajlaniwi ushın harmay–talmay xizmet qila alatugin, ulli watan jollarinda óz janin hám ayamaytugin jaslardi tarbiyalaw waziypasi qoyiladi. Bul waziypa joqari talim kontseptsiyasinda ayrıqsha aytiladi. Sonıń ushın bunday ulkeń waziypani amelge asiriwda klass basshisi hám ózinin ulkeń ulesin qosadi. Klass basshısınıń tiykargi wazıypalarinan biri bizin keleshegimiz bolġan jas awladti tuwri, insanparwarliq ruwxinda tarbiyalawdan ibarat. Tarbiya protsessinde oqıtıwshı hám klass basshisi bir–birin tusınik kerek hám klass basshisi oqıtıwshılarga itibarli bolıwı kerek. Klass basshisi jumısin mektep administratsiyasi menen birgelikte hám mahalle jamaati menen birgelikte tarbiyaliq jeumislardi alıp baradı. Mektep administratsiyasi klass basshisi hám ol alıp baratirgan jumıslar qollap–quwatlaw tiyis. Klass basshisi óz oqıtıwshılarin jaqsi biledi hám olardı tarbiyalaw ushın ne qiliw kerekligin esapqa alıp jumıs alıp baradı. Klass basshisi jumısin ruwxıyliq isleri boyınsha direktor orinbasari

basqaradi. Klass basshısınıń jumıs rejesin mektep direktori hám ruwxıyliq hám agartiwshiliq isleri boyınsha direktor orinbasalari duzedi hám basqaradi. Baslawish klasslarda mekteptin daslepki basqıshında balalar oqıtıwshı basshiliginda bilimge birinshi qadem qoyadi.

Oqıw xizmetinde bilim hám konlikpeni iyeleydi. Oqıtıwshı klass jamaati menen isleydi hám kobinshe tarbiyashi sipatinda jumıs juritedi. Oqıtıwshılardin balalarga bolǵan munasiybeti ulkeń miyirbanliq hám gamxorligi menen xarakterlenedi. Bul da oqıtıwshıdan talapshanliqti talap etedi. Oqıtıwshılar menen bolatugin óz–ara munasibetlerin tuwri jolga qoyıw, oqıwshılardi osiwi hám rawajlaniwina tuwri jolga qoyıw, oqıwshılardin osiwi hám rawajlaniwina qarap olardı qayta quriw ózgesheligi hám klass basshisi ushın zarur ahmiyetke iye. Mektep ustavinda klass basshısınıń tiykargi wazıypalari belgilep berilgen.

Klass basshisi bárshe oqıtıwshılar menen birgelikte baylanista bolıp, óziniń klası menen tarbiyaliq islerdi alıp baradı. Oqıtıwshılar tarepinen oqıwshılarga qoyilatugin pedagogikalıq talaplar birligine erisedi. Ata–analar,kuni uzaytirilgan topar tarbiyashilar, jamaatshilik menen barqulla baylanista bolıp turadi. Zárur bolǵan waqıtta jardem korsetiw shólkemlestiriledi. Klassta belgilengen hujjetlerdi alıp baradı hám onı mektep administratsiyasına usınıs etedi. Oqıtıwshılar salamatligin bekkemlewge tan jumıslardı otkeredi hám miynet qiliwga uyretedi. Klass basshisi jumısinin ózine tan ózgeshelikleri sonnan ibarat, ol apiwayi balalar jamaatin emes, balki oqıwshılar jamaatin qalıplestiredi. Sonıń ushın klass basshisi daslep balalardin oqıwga qanday munsibette ekeń liklerin, ózlerin qanday tutiwlari óz wazıypalarin jani menen orinlawlari yaki orinlamawlarin anıqlaydi,aqirinda olardın oqıwdagi moljelleri nelerden ibarat. Bul moljeller sotsial manige iye yaki iye emesligi esaplanadi. Pedagog klass penen islewdin daslepki basqıshında turli jagdaylarga dus keliwi mumkin.

Klass basshısınıń rawajlaniwinin anıqlangan darejesine qarap tarbiya usıllarin darejesine qarap tarbiya usıllarin tanlaydi. Bunda oqıtıwshılardin jas ózgesheliklerin esapqa alıw qosimsha shart esaplanadi. Pedagog shaxsın har

tarepleme jetik kamal taptiriwda ulkeń rol` oynaydi. Aqiliy tarbiya shaxsti har tarepleme rawajlantiriwda ulkeń rol` oynaydi. Oqıtıwshı ádep–ikramliliq tarbiyashinin waziypasi hám mzamunin oqitwshilardan ekologiyaliq sana hám madeniyatin qalıplestiredi.

Oqıtıwshılıq kasibine usı tiiykarinan klass basshisi kasbine tan bolǵan zarurli paziyletlerden biri – balalardi suyiwi, olardın sezimi menen qızigiwi, har bir shaxsti hurmet qiliwdan ibarat. Balani suygen putin kush hám bilimin balalardin keleshegi ulli watanga sadiq puqara qilip tarbiyalawga safarbar qila alatugin adamgana haqiqiy oqıtıwshı bola aladi. Balana biypariq, onıń keleshegi menen qıziqmaytugin, oqıtıwshılıq kasibine biyparwa adam haqiqiy oqıtıwshı bola almaydi.

«Baslawish talim kontseptsiyasi» da baslawish klass oqıtıwshısi korinisi tariyplenedi : «… en zaruri balalarda oqıw, uyreniwge shin hawes, qızigiw oyatıwshi, isenim payda qiliwshi ustaz sipatinda ayrıqsha orin tutadi; hám jane usı kontseptsiyadan baslawish klass oqıtıwshısi paziyletlerge qosimsha keltiriledi. Oqıtıwshı : «… ózbekstan keleshegi ulli mamleket ekeń ine isenetugin milliy maqtanishi bolıwı;

– balalardi xalıq pedagogikasi durdanalari hám de milliy qadiriyatlarmiz tıykarında tarbiyalay alıwi ;

– tili rawan, xalıq tili bayligi, korkem usıli hám suwret quralların adebiy til metodikasi hám olshemin tolıq iyellegen bolıwı» zarur.

Oqıtıwshılıq kasibine tán bolǵan bunday paziletlerdi ondaǵi pedagogikalıq ádep klass bsshisinin kasiplik paziyleti. Ol oqıtıwshının sawatli boilwina, óz sezimin basqara alıwina, balalarga pedagogikalıq tasir otkeriw qural hám olshemlerin belgilew, anıqlawda jardem beretugin paziylet esaplanadi. Joqari pedagogikalıq ádepke iye bolǵan klass basshi gana klassta psixologiyaliq klimat ornata aladi, balalar qalbine tez jol tawa aladi. óz xizmeti ózgesheligine kore klass basshisi sholkemletiriwshilik paziyletge hám iye bolıwı tiyis. Bunın ushın

oqıtıwshı isbilermenlik hám sholkemlestiriwshilik qabiletine iye bolıp barqulla tetik, gayratli, óz kushi hám mumkinshiligine isengen bolıwı tiyis. Isbilermen hám gayratli klass basshisi balalardi óz arqasinan jurgize aladi, oqıwshılar ogan iyeredi. Oqitwshiliq kasibi juda ulkeń ruwxıy hám fizikaliq kush talap etedi, sonıń ushın oqıtıwshınin salamatligi hám malim talaplar qoyiladi. Oqıtıwshınin dawis nayshalari rawajlangan, koriw qabileti jaqsi bolıwı kerek. Uzaq tik tura alıwi, juriwi, epshillik siyaqli paziyletlerge iye bolmagi tiyis.

Ózbekstan respublikasi joqari talim kontseptsiyasina qanige waziyplaari tomendegishe belgilengen : «… qanige óz xizmetin tarawınan qatiy názer, doretiwshilik jamaatlerde isley alıw qabiletine, menejment hám marketing tarawlarinda tayarliqqa iye bolıwı, jana texnologiyalardi engiziwdin xojaliq sotsial hám madeniy tareplerin anıq oylawi kerek». Usı pikirler oqıtıwshılarga hám jana sheber klass basshiligina hám tikkeley tiyisli. Jamiyetimizde juz berip atirgan tup ózgerisler, bazar qatnasiqlarina kirib barıwimiz oqıtıwshılar tek gana kasiplik bilimlerin emes, balki ekonomikaliq yuridikaliq, texnikaliq bilimlerinen xabardar bolıwın taqaza qilmaqta. Bul orinda baslawish klass oqıtıwshıları, klass basshilarinin xizmeti ulkeń .

Klass jamaatin birlestiriwshi faktorlarinan biri tarbiya mazmuni. Mamleketlik talim standarti tıykarında belgilengen panlerdin mazmuni oqıwshılardin ruwxıyliq– ádep–ikramliliq tarbiyasi menen birge jamaatke tan bolǵan joldasliq, dosliq, birge islesiw, adalatparwarliq mehru shavkat siyaqli paziyletlerin uyginligi birlesedi. Usı arqalı mamleketimiz sabaqlariqlarin jana awladti duziw kontseptsiyana itibar qaratadi hám de talim mazmunin milliy garesizlik ideyasi tiykargi printsipleri menen bayitiwga itibar kusheyedi. Klass basshisi jumısinda oqıwshılar jamaatin qalıplestiriw orayliq waziypa esaplanadi. Jamaat tajin tarbiyalaw kommunistikliq tarbiya–jetekshi printsipi. Tarbiya metodların tanlawda olardın jamaatte rawajlaniwi darejesine masligi tabisinin zarurli sharti esaplanadi. Oqıtıwshılar jamaatin bekkemlewshi oqıwshı xizmetin hareketlendiriwshi zarur dereklerinen paydalaniw metodikasi. Sabaqliqtagi

tekstlerdi hám  xarakter ózgesheligine kore oqıwshılar jamaatin bekkemlewshi tekstlerge jandagi tekstlerdi tanlaw tarbiyalaw tarbiyaliq  ilajlardi jamaatti bekkemlew menen otkeriw. Klass majilisi har klass ushın ayrıqsha  klass basshiligi basliginda otkeriledi. Klass majilisinde koriletugin maseleler klass  aktivleri menen birgelikte  kelisip orinlanadi. Klass majilisinde tiykargi tema tarbiyasi qaratilganligi ushın tarbiyashi tan bolǵan maqalalar, ertek–tekslenr, qosiqlar tıykarında bayan etiledi.

Házirgi  zaman oqitwshinin tiykargi paziyletlerinen biri  óz kasibine  sadiqliq, ideyaliq isenimine, óz kasibin suyiwi, bul kasipke bolǵan sheksiz sadaqat oqıtıwshına basqa kasip iyelerinen  ajratip turadi. Mektepte talim–tarbiya jumısinin joqari saviyada oqıtıwshıga, onıń  kasiplik tayarligina baylanıslı. Klass basshisi shaxsına qoyilatugin zarur talaplarınan biri klass basshısınıń óz jumısin jaqsi biliwi. Onıń  metodikasin puxta ózlestirgen bolıwı zarur. Sonı tuwri sholkemlestiriw hám  onı balalar menen tusınikli, qıziqli hám  juwapkerli sezgen halda alıp barıw kerek. Oqıwshılar oqıtıwshı bilitin balalarga  jetkere  alıp qadirlep gana qalmay, balki onıń  usı predmetke bolǵan qızigiwin, onıń  pidayiligin hám  qadirleydi, tagdirlaydi. Klass basshısınıń joqari madeniyati, onıń teren bilim  ortaligi ( ayrıqsha , ózbekstan garezsizlikke eriskeń  nen son xalqimizdin óz tariyxin, madeniyatin,  urip–adetin uyreniwge,  biliwge bolǵan  qızigiwi artip baratirgan dawirde) talim–tarbiya  jumısların tabisli  keshiwine jardem beredi. hazirgi zaman oqitwshisi  ayrıqsha klass basshisi milliy qadiriyatlarimizdi bilim gana qalmay, onı keń  ata–analar jamaatshiligi ishinde, klassta atashin  tarqatiwshi hám  bolıwı kerek.

Oqıtıwshıliq  kasibi  juda ulkeń  hám  ruwxıy hám fiizkaliq kush talap etedi. Sonıń  ushın oqıtıwshının ayrıqsha klass basshısınıń salamatligina  hám  malim talaplar qoyiladi. Oqıtıwshı shaxsına qoyilatugin ulıwma talaplar menen baslawish klass oqıtıwshının  kasibin ózine tanligi ayirim  spetsifikaliq  talaplardi keltirip shigaradi. Baslawish klass oqıtıwshısi anatomiya, fiziologiya, mektep gigienasi

panlerinen xabardar bolıwı, oqıwshılar xizmetin usı panler usınısi tıykarında sholkemlestiriwi tiyis (klass gigienaliq talapga juwap beriwi, oqıwshılar rejimi, olardın aqiliy hám fizikaliq rawajlaniwin baqlawi hám tuwri bagdarlaw) ; oqıtıwshı óz tilin basqariwi, adbiy til normalarina amel qiliwi, dawisin balent tasligine ahmiyet yuberiwi, tilinin janli, korkemli boilwina itibar beriwi, balalardi sharshatip qoymasliq maqsetinde jumıs turlerin tez–tez ózgertire alıwi, ata–analar ortasinda pedagogikalıq bilimlerin tarqatiw, olar menen jaqinan baylnais ornata alıwi (bul xizmeti turi baslawish klass oqıtıwshılarin, fizikaliq xizmetin) uyreniwge jardem beredi hám olarga tarbiyaliq tasir otkeriwge jardemlesiwi kerek.

Aqirinda ol óz ustinde tinmay islewi tiyis. Ayrıqsha qadiriyatlarimizdi uyreniwge, ózligimizdi biliwge iqtiyaj ulkeń bolmaqta, bul narselerdi bilmey turip garezsizligimizdi bekkemlep, ulli mamleket qurip bolmaydi. Sonday ekeń , baslawish klasstan baslap balalar shigis tarbiya tasirin alıwi, óz qadiriyatlarin biliwi tiyis. Bul oqıtıwshıdan, klass basshisinan teren bilimli bolıwın talap etedi.

5. Rabbim – pan, paygambarim bilimdir .

(Abduraif Fitrat).

Ustazliq – bul keleshek ushın miyras qilip qaldirilatugin bayliq. Bul bayliqtin qadir–qiymati sonday ulli, od adamdi ruwxıyliq tarepinen bay qilip, qalbin baxitqa ilahiy nurga toldiradi.

«Ustaz» sózine berilgen tariypke itibar beriń, onıń mazmunı sonday bay : Ustaz – belgili pán, bilim qaytalanbaytugin alım, pedagog qanige, óz baǵdarı boyınsha bárshe janalıqlardan xabardar, turmısta óz ornın tawǵan ornı, salahiyati hám mektebine iye, alim fuzalo, aqil kamil ornek bolatugin ózinin aldingi tajiriyesine iye hám keleshekti ilimiy oylaytugin, ilimiy, bilimli, hám me tarepinen tan alingan maslahatgoy insane. Duńyada bir kimsa joq, onıń ustazi bolmasa. Ol hukimet basligi, ulli alim, wazir yaki ziyrik doktor, xalıq mehirin qazangan jaziwshi yaki qoli gul onerment, qaran barshe–barshenin óz ustazi hám

turmisin jaqti qilip turiwshi jolbasshisi boladı. Siz ózinizdi ustazliq baxit iyesi esaplasaniz, tomendegilerdi unitmasliq kerek.

– «Ózbekstan keleshegi ulli mamleket» ideyasi sizin har kungi xizmetiniz ushın dasturulamol bolsin hám usı ulli xalıq hám mamleketge munasip shakirtler tayarlan.

Ustazdin en ulli burishi–xalıqqa paydasi tiyetugin aqilli, qabiletli oqıwshı shakirtler tayarlawdan ibarat. Ustaz jaqsi shakirt tayarlaw ushın en aldi menen onıń ózi ruwxıyliq tarepinen jetiliskeń , pikirlew tarizi bay, duńya qarasi salamat, óz jurti hám xalqinin ideyasi hám aldingi ideyanin ba tareptari bolıwı kerek.

## II-bab.KLASS BASShÍNÍŃ OQIWSHILAR MENEN ALIP BARATUĠIN JUMISLARI MAZMUNI HÁm ONI JETILISTIRIW JOLLARI.

### 2.1. Klass basshısınıń oqiwshilar menen alip baratuġin jumıslarin shókemlestiriw metodikasi.

Bala shaxsınıń rawajlanıwına násillik, ortalıq hám tárbiya sıyaqlı faktorlar átsir etedi. Bala shaxsınıń rawajlagnıwına násildiń tásiri degende ata–analarǵa uqsaslıqtı sáwlelendiriwshi biologiyalıq belgilerdiń qaytalanwların túsiniw kerek. Hár bir bala ata–anasınan miyras formasında bázi biologiyalıq sıpaitlarǵa (deneniń dúzilisi, shashtıń , kózdiń , teriniń reń i, boy bastı hám basqalar) iye bolǵan halda dún`yaǵa keledi. Bular fixikadlıq ózgeshelikler. Joqarı nerv xızmetiniń ózgeshelikleri hám tuwma ótedi. Bul fiziologiyalıq ózgeshelik esaplanadı.

Akademik I.P.Pavlov tálimatına kóre bala bir qatar tuwma ózgeshelik hám topardı quraydı. Bular arasında asqazan refleksi (sólek ajıratıw), qorǵaw refleksi (ıssıdan qoldı tartıw, jaqıtılıqdan kózin qısıw) sıyaqlılar ayrıqsha áhmiyet kásip etedi. Biraq bul ózgeshelikler insanǵa hám, haywanǵa hám tán bolǵan ózgeshelikler. Usı menen bir waqıtta insanlarǵa tán bolǵan ózgeshelikler hám násillik jolı menen ótedi.

Mısalı, deneniń vertikal haldaǵı háreketi, oylw hám til arwajlanıwı, miynet qılıw qábileti – bular tuwma múmkinshilikler yubolıp, olardıń rawajlanıwı insan balası adamlar arasında jasap, olar menen baylanıs qılıwı kerek. Bul ruwxıy múmkinshiliklerdiń shından hám rawajlanıwı, payda bolıwı ushın bala tek ósip qalmay, bálki usı ósiw processinde insanlar arasında jasawı, úlkeyiwi hám social turmısta qatansıwı kerek. Insan biologiyalıq maqluq sıpatında emes, bálki social maqluq sıpatında rawajlanadı hám kamalǵa jetedi.

Bala tiliniń iyellewi ushın til sharayatında, miynet qılıw ushın miynet sharayatında, aqılıy rawajlanıwı ushın aqılıy xızmet sharayatında jasawı kerek. Ǻne sonda balanıń nege , qanday tarawǵa qızıǵıwı barlıǵı kórinedi. Fiziologiya

hám psixodlogiya pániniń kórsetiwinshe, insan balası tayar qábilet menen emes, bálki bir qıylı qábiletlerdiń júzege keliwi hám rawajlanıwına tásir etetuǵın potencial múmkinshilikler, yaǵnıy shaxs ózgesheligin sáwlelendiretuǵın qızıǵıw menen tuwıladı. Tuwma qızıǵıw óz halında rawajdana almaydı, ol «mudroq» halatta bolıp, onıń oyanıwı rawajlanıwı ushın qolay ortalıq kerek.

Eger bala óz qızıǵıwına mas sharayatta ósip, zárúr xcızmet menen shuǵıllansa, qızıǵıw erte kórinip, rawajlanıwı, joq bolıp ketiwi múmkin. Sonıń ushın pedagogikalıq qızıǵıwdıń kóriniwi hám qábilet sıpatında tola–tókis turmıs sharayatına hám tárbiyaǵa baylanıslı .

Insan kamalatına tásir etetuǵın faktorlardan biri sırtı ortalıq. Ortalıq degende kisine tábiyǵıy tásir etetuǵın sırtqı waqıyalar jıyındısı túsiniledi, buǵan tábiyǵıy ortalıq, social ortalıq, shań araq ortalıǵı (mikroortalıq) kiredi.

Tábiyǵıy (geografik) ortalıq (klimat, tábiyǵıy sharayat) sózsiz insannıń turmıs tárizine, xarakterine hám miynet xızmetine tásir qıladı. Mısalı, tropik mintaqada turmı keshirip atırǵan insanlardıń turmıs tárizi uzaq arqadaǵı kisiler turmısınan parıq qıladı, yubul olardıń turmıs tárizine hám olardıń rawajlanıwına tásir etetuǵın qatar faktorlar menen dálillenedi.

Usı menen birge, insan kamalatında mikrooratlıq – shań araq sharayatı hám úlken tásir kúshine iye. Bala kóz ashıp ata–anasın, tuwǵan–tuwısqanların kóredi. Onıń intensiv–fizikadıq hám psixoloigyalıq rawajlanatuǵın dáwirini shań araq tsirinde qáliplesedi. xalqımızda «№us uyasında kórgenin qıladı» degen naqıl biykarǵı aylıtmaǵan Shań araqtıń turmıs tárizi, ondaǵı bala tárbiyasına jaqsı tásir etetuǵın tárbiyalıq ortalıq onıń kamalatında zárúr áhmityetke iye boladı.

Bala kamalatında social ortalıq hám zárúrli. Islep shıǵarıw múnsibetleri hám olardı tártipke salıp turatuǵın social nızam–qaǵıydalar kisine ayrıqsha tásir qıladı. Social baylanıs, yaǵnıy insanlararalıq óz–ara múnsibet nátiyjesinde adam balası turmısqa hám miynetke tayarlanadı, kerekli tájiriybe hám bilimlerdi iyeleydi.

Insan kamalatında social ortalıqtıń tásiri túrli tariyxıy dáwirde (formaciyalarda) túrlishe boladı, túrli social toparlar túrlishe tásir etedi. Sonday eken, házirgi zaman pedagogika páni ortalıqqa, onıń insan rawajlanıwındaǵı tásiriniń roline ayrıqsha itibar beredi. Ortalıq túsinigine kiretuǵın social turmıs waqıyalarınıń shaxsqa tásiri úlken ekenligin kórsetedi hám social ortalıq adabiy emes, ózgeriwshen dep qaraydı. Sonıń ushın ortalıq insan táǵdirin belgilep beretuǵın faktonr dep esaplanmaydı. Biraq onıń tásiri hám biykarlanmaydı.

Tárbiya ortalıq sıyaqlı insan kamalatına tásir etiwshi sırtqı faktorlardan esaplanadı. Tárbiyanıń ózgesheligi sonda, ol anıq maqsetti gózlep, insanda jaqsı páziyletlerdi payda qılıw jolında tárbiyashı basshılıǵında ssistemalı ámelge asırıp barıladı.

Biraq tárbiya táchiriniń kúshi hám onıń nátiyjesi násil hám ortalıq sıyaqlı faktorlardı birgeligi menen belgilenedi.

Insan kamalatı násil jolı menen arttırılǵan hám tábiyǵıy qızıǵıwlar menen belgilenip qalmay, bálki pútin turmısı dáwirinde onı orap turǵan waqıyalıq tásirinde ózgeshelik hám sıpatlar menen hám belgilenedi.

Tárbiya adamdıń kózi, shashı, terisiniń reń ine onıń denesi túzilisine tásir etiwi múmkin. Arnawlı shólkemletsirilgen fizikalıq shınıǵıwlar arqalı balanıń salamatlıǵı bekkemlenedi hám shınıqtırıladı. Insannıń tábiyǵıy qábileti tek tárbiya arqalı, onı málim bir xızmet túrine tartıw menen rawajlanıwı múmkin.

Málimki, bala qızıǵıwın rawajlantırıw, onı qábiletine aylantırıw hám turmısqa mas halda óstiriw ushın miynetsúygishlik hám isshenlik kerek. Miynetsúygishlik hám bárqulla otırıp islew sıyaqlı páziyleiler tek tárbiya nátriyjesinde arttırılatuǵın páziyleler. Birinshiden, tárbiya tásirinde túrli páziyletler ózlestiriledi hám bilim, maǵlıwmat iyellenedi, miynet hám texnikalıq xızmet menen baylanıslı kónikpeler hám arnawlı uyımlastırıwǵa tárbiya arqalı payda qılınadı.

Ekinshiden, tárbiya arqalı tuwma kemshilikleri hám ózgertirip, shaxstı kamalǵa jetkeriw múmkin. Mısalı, soqırlar, gereń ler hám oqıtılıp, salamat kisiler qatarı tumrısqa tayarlanadı.

:shinshiden, tárbiya járdeminde ortalıqtıń jaman tásirin hám joǵaltıw yaki saplastırıw múmkin.

Tortınshiden, tárbiya bárqulla keleshekke qaratılǵan maqsetin belgileydi. Usı arqalı,ol shaxstıń kamalǵa jetiwine tezlestiriwshi rol` oynaydıyu. Insan kamal tabıwınsha mekteptiń áhmiyeti úlken. Balalar mektepke qádem qoyar eken, olar oqıw miyneti menen bánt boladı. Balalar mektepte pán tiykarların iyellew menen birge,olarda áste–sekinlik ilimiy dún`ya qaras qáliplesip baradı. Oqıtıwshı – tárbiyashılardıń basshılıǵında insanǵa tán bodlǵan joqarı páziyletlerdı iyelleydi. Tárbiyalıq jumıslardı reje tiykarında shólkemlestiriw, balanı tárbiyalawda shań araqqa hár waıt járdem kórsetedi. Tárbiyashı óz tárbiyalanıwshılarınıń shań araqlıń sharayatında xabardar bolıwı, pedagogikalıq másláhátlarǵa , járdemge mútáj bolǵan shań araqlarǵa járdem beriwi zárúr. Tárbiyashı ushın bala bos waqtın kimler menen hám neler menen shuǵıllanıp ótkerip atırǵanı áhmiyetsiz emes. Óz halına taslap qoyılǵan bala kósheniń jaman tásirine berilip ketiwi múmkin.

Juwmaqlap aytqandja sonı aytıw kerek, insan tek xızmetde rawajlanadı, onnan tısqarıda rawajlanıw joq. Bala júdá jaslıǵınan baslap úlkenler járdeminde sırtqı ortalıq menen túrli qıylı baylanısta boladı. Mektep jasında bul baylanıslar oqıw hám usı menen baylanıslı bolǵan xızmet menen baylanıslı hám bular rawajlanıw ushın jderek bolıp sanaladı.

Pedagogikalıq tárepinen tuwrı uyımlastırılǵan hár qanday xızmet shaxstıń aqılıy hám erkilik rawajlanıwına tásir etedi. Demek, bala úlkeyip barǵan sayın onıń xızmeti hám forması hám mazmunı menen birgelikte ózgerip bara beredi.

Sonday qılıp, insan rawajlanıwınıń ililimiy koncepciyası insan kamalatına tásir etetuǵın faktorlardı talıqlap, insan kamalatı hám onıń shaxsın qáliplestiriwdi anıq hám bir pútin process ekenligin aytadı. Bul processte insannıń xızmetine úlken orın beriledi. Ol aktivligi menen óz shaxsın qáliplestire aladı. Tárbiyashı

tárepinen qoyılatuǵın maqset anıq bolsa hám bul maqsetke erisiw ushın adam astaydıl háreket qılsa, kútilgen nátriǵyjege erisiledi.

Tárbiyanıń tiykarǵı wazıypası – shaxstıń aqılıy, ádep–ikramlılıq, erkin pikirlewshi hám fizikalıq rawajlanıwına, onıń qábiletlerin hár tárepleme ashıw ushın múmkinshilik jaratadı.

Bunıń ushın– jaslardı erkin pikirlewge tayarlaw, turmıs mazmunın túsinip alıwǵa kómeklesiw, ózin–ózi basqarıw hám qadaǵalawdı biliwdi qáliplestiriw, óz shaxsiy turmısına maqsetli jantasıw, olarda reje hám ámel birligi sezimin oyatıw ;

–oqıwshılardı milliy, ulıwmainsanıylıq qádiriyatlar, Watanimizdıń bay ruwxıylıq miyrası menen tanıstırıw, mádeniy hámde dún`yaviy bilimlerin iyellewge bolǵan talapların qáliplestiriw, kónikpe payda qılıw, ósip–bayıt barıw hám estetikalıq túsiniklerin qáliplestiriw ;

–hár bir ósmirdiń bilimdanlıǵın hám dóretiwshilik múmkinshiliklerin anıqlap, olardı rawajlantırıw. Insan xızmetin túrli tarawlarında eńgizip kóriw. Balalar dóretiwúshiligin, ziyrekligin júzege shıǵarıw hám jánede qolap –quwatlaw ushın shart–sharayat jaratıw ;

–insaniylıq ádebi ólshemlerin qáliplestiriw (yuir–birin túsinetuǵın miyirbanlıq, shapqatlılıq, ırqıy hám milliy kemsitiwlerge, taqatsızlıq) qarım–qatnas ádebi menen tárbiya quralları (haqsızlıqqa, ótirikshilik, shaqımshılıqqa taqatsızlıq) keń qollanılıwı tiyis ;

–watanparwarlıq, dún`yalıq pikirlew, jámiyetimizde jasap atırǵan adamlar menen óz–ara múnásibet sóylesiwin ornatıw, mámleketine, onıń qorǵawı ushın bárqulla shay bolıp turıw, Ózbekstan Respublikası hám basqa mámleketlerdiń belgilerine húrmet menen qaraw, jas áwladtı Ózbekstan Konstituciyasına , bayraǵına, gerbine, gimnine , Prezidentine sadaqatlı qılıp tárbiyalaw ;

– nızamlı jámáát ádep–ikramlı hám turmus qádelerine húrmet menen qarawdı tárbiyalaw, shaxstıń o’zgeshe qırların belgilewshi puqaralıq hám social

juwapkershilik sezimlerin rawajlantırıw, ózi jasap atırǵan mámlekettiń rawajlanıwı, insaniyat rawajlanıwın turaqlı saqlap qalıw ushın pidayılıq, ekologiyalıq tálim–tárbiya beriw ;

– mustaqil respublikamiz Ózbekstannıń ishki hám sırtqı siyasatına tuwrı hám xalisana baha beriwge úyretiw, onıń tınıshlıq, demokratiya hám basqa mámleketlerdiń ishki islerine aralasmaslıq, ashıq ashkara sırtqı siyasatqa 9ám óz xalqınıń turmısın dárejesin asırıwǵa baǵdarlarǵan, puqaralardı social qorǵaytuǵın ishki siyasattı durıs túsiniwi kerek ;

–turmısta eń joqarı qádiriyat esaplanǵan miynetke dóretiwshilik menen jandasıw páziyletlerin qáliplestiriw ;

–salamat turmısısh tarzine umtılıwdı tárbiyalaw hám rawajlantırıw, múnsip shańaraq basqarıwshısı bolıw istegin qáliplestiriw ;

–jaslarımızdı erkin pikirlewge úyreniw;

–barkamol apvladqa tán ádeplilik óneri hám mádeniyatın úyretiw;

–ózbek xalqınıń milliy úrip–ádet, dástúr hám qádiriyatların ámelde qollaw kónikpelerin qáliplestiriw ;

–insaniyat tariyxıy rawajlanıwı processinde madeniy, ruwxıylıq, milliy miyrastaǵı awlad–ajdadlarımızdan qalǵan ádep–ikramlılıq haqqındaǵı bilimlerden xabardar qılıw ;

–Oraylıq Aziya oyshıl hám aǵartıwshılarınıq shıǵarmalarındaǵı hikmet, úgit hám násiyatlarınan úyretip, olardaǵı ámel qılıwdı uqtırıw ;

–tábiyatqa tuwrı múnsibettiń mánisin, tábiyattı qorǵaw insandıń burıshı ekenligin, ekologiyalıq nasharlıqqa alıp keletuǵın sebeplerdi ańlaw hám bahalaw boyınsha bilimler beriw ;

– ata–ana hám watan aldındaǵı burıshtı hám oǵan sadıqlıq ne ekenligin ańlatıw ;

– óz–ózin ańlaw, shart–sharayatların, insan qádiri  hám xorlıǵın  ańlaw, onıń tábiyatın, milliy hám ulıwmainsanıylıq  mádeniyatın, ana tilin saqlaw,  ruwxıylıq rawajlanıwın bazar ekonomikası menen úzliksiz  rawajlanıwdı túsindirip beriw ;

–joqarı insanıylıq páziyletler mánisin ańlatıw, olarǵa  sanalı múnsibette bolıw, jaqsını–jamandı  ajırata  alıw bilimine iye bolıwın túsindiriw ;

–tálim–tárbiya  processinde beriletuǵın bilimler tutas hám social shart–sharayatlar, milliy hám tariyxıy, ruwxıylıq faktorlar, ulıwmainsanıylıq qádiriyatlar  mánisin túsindiriw ;

–oqıwshılardı bilim alıw menen joqarı  insanıylıq kamillik mánisin túsinip ámel qılıwǵa úyretiw ;

– sabaqlarda ruwxıylıq,  aǵartıwshılıń, ekonomikalıq, huqıqıy, kásiplik túsinikleriniń mánisin  úzlúksiz ańlatıp barıwı zárúr  ;

–ádep–ikramlılıqqa tán sıpatlardı oqıwshılardıń  kúndelik  ıqtıyajına aylantırıw;

– oqıwshılarda miynet kónikpelerin, dóretiwshilik mustaqil pikirlewdi, kásip tańlawǵa hám átirap álemge sanalı múnsibetin  payda qılıw ;

–ádep–ikramlılıqtıń  ápiwayı  turmıslıq  qaǵıydaları bolıwı  úlkenlerge húrmet, kishilerge  izzet, shańaraqta bir–birin  ezazlaw, miyman kútiw  hám basqalardı kúndelik turmısqa  sińdirip barıwı. Balalardı tárbiyalawda (oqıwshı) oqıtıwshı  tómendegilerdi  esapqa alıwı kerek ;

–tárbiyanıń oqıwshılar psixologiyachı hám jas ózgesheligine  maslıǵın esapqa alıw;

–oqıwshılardıń aqılıy –ruwxıylıq múnsibetlerin tásirin úyreniw;

–oqıtıwshı–tárbiyasınıń sawatxanlıq  dárejesi,  kórkem óneri hám sheberligi ;

Oqıwshılardı tártiplilikti tárbiyalawda  sabaqlardı dóretiwshilik,  dástúriy emes, sáwbet, oyın, tábiyatta, bahıs –sáwbet,  ushırasıw formasında bolıwı maqsetke muwapıq.

Ǻmelde tárbiyalıq process  anıq hám úzlúksiz  isine hám túrli  jastaǵı balalardı qamrap alıwǵa ayrıqsha áhmiyet beriw tiyis.

Ósmir jigit  hám qızlar tek ǵana bólajaq  úlken turmısqa tayarlıq kóredi, bálki usı haqıqıy turmıs menen jasaydı.

Klasstan hám mektepten tıs tárbiyalıq jumıslar oqıwshılardıń qızıǵıwı, qálewleri,   ıqtıyajlarına súyengen halda olardıń sabaqtan bos waqıtlarında oqıw tárbiya processin toltıradı. Ol  oqıwshılardıń  dóretiwshilik  qábiletlerin, isbilermenligin asırıwǵa múmkinshilik  jaratadı. Klasstan tıs  jumıslardıń  ózine tánligi sonda,  dógerek, klub dástúrleriniń reń–báreńligi, olar mazmunındaǵı jańalıqlar ósmir jigit–qızlardıń shaxs sıpatında  qáliplesiwileri ushın jańa múmkinshilikler  daratadı.

Mekteptiń oqıwshılar menen alıp baratuǵın oqıw shınıǵıwlarınan tıs  hár túrli tálim–tárbiya  isleri klasstan tıs  jumıslar atın alǵan . Klasstan tıs  isler mektep tálim–tárbiya processiniń quramalı  bólegi oqıwshılardıń bos waqıtların jolǵan qoyıw formalarınan  biri.

Klasstan hám mektepten tıs jumıslardı shaxstı hár tárepleme kamal taptırıw hám onı turmısqa aktiv xızmetke tayarlaw  keń múmkinshilikke iye. Bul isler balalardıń qızıǵıwlarına muwapıq tárizde  kewillik tiykarında shólkemlestiriledi. Oqıwshılar klasstan hám mektepten tıs  islerde ózlerin qızıqtıratuǵın shınıǵıwlardı tanlap aladı hám olarda muschtaqil isbilermenlikke qatnasadı.

Mektep hám mektepten tıs  mekemelerdiń  quramalı  jumısalrın , mazmunı hám maqsetin belgilep búgshingi kúnimizdiń  bárshe qırların esapqa alıwdı talap etmekte.  Klass hám mektepten  tıs usı  tárbiyalıq isler shaxs kamalatı basqıshların belgilep alıwǵa  qaralıtǵanlıǵı msenen  xarakterlenedi. Usı mashqaları jaqsı sheshiw ushın klasstan hám mektepten tıs, tárbiyalıq isler diziminde tómendegiler bolıwı tiyis :

– pedagoglar  hám oqıwshılar ortasında óz–ara húrmet múnsibetlerin qálipleskenliginin ózine tán  dástúr qurallarına tayanıw ;

– ósip baratırǵan insan shaxsin tárbiyada joqarı social qádiriyat alıw, há bir balam, ósmir hám jas jigittin qaytalanamas hám ózine tánligin húrmetlew, social huqıqın itibarda tutıw zárúr.

Klasstan tıs jumıslardı tolıq qamtıp alǵan dógerekler bir neshe qıylı bolıwı múmkin :

a) pán dógerekleri;

b) sheber qollar dógerekleri ;

v) ustashılıq dógerekleri ;

g) sport dógeregi ;

d) kórkem háweskerlik dógeregi.

Orta ulıwmatálim mekteplerinde bul jumıslardı klass bashsısı hám tárbiyalıq isler shólkemletsiriwshisi uyımlastıradı. Klass bashsısı dógerek basshılarına jaqınnan járdem beredi. №ızıǵıwları, umtılıwları bir qıylı bolǵan óz oqıwshıların birar dógerekke aǵza bolıwına shaqıradı.

Klasstan hám mektepten tıs shólkemletsirilgen jumıslar oqıwshılar turmısındaǵı tárbiyalıq xızmetin toltıradı. Olardı dún`ya qarasın tuwrı qáliplesiwine, ádep–ikramlılıq kamal tabıwına kómeklesedi. Teoriyalıq bilimlerin ámeliyat, islep shıǵarıw menen tıǵız balynaısqa tiykar jaratadı.

Klasstan hám mektepten tıs jumıslarǵa basshılıq qılıwshı shólkemlestiriwshilerdiń wazıypaları hám kóp qırlı. Klasstan hám mektepten tıs tárbiyalıq isler shólkemlestiriwshisiniń wazıyplaarına tómendegiler kiredi:

– sabaqtan tıs tárbiyalıq islerdi rejelestiriw hám ámelge asırıwdı qadaǵalaw ;

– oqıwshılardıń klasstan hám mektepten tıs kóp qırlı jumısların pedagogikalıq jámáát, oqıwshılar shólkemleri klass aktivleri járdeminde jolǵa qoyıw;

– klasstan hám mektepten tıs isler baǵdarına tikkeley basshılıq qılǵan halda, oqıtıwshılar, klass bashsıları, ata–analar, oqıwshılar shólkemleri, klass aktivlerine metodikalıq járdem kórsetiw ;

–ulıwmamektep hám mektepler aralıq ótkerilir atırǵan eń zárúr tárbiyalıq ilajlarǵa qtanasıw ;

– oqıwshılardıń bos waqıtların shólkemlestiriwde tárbiya hám mádeniyat mekemeleri hámde jámáátshilik kúshinen keń paydalanıw.

Bul barada shólkemlestiriwshiler aktivligin úsh tiykarǵı tárepin kóriw múmkin : shólkemlestiriwshilik, metodikalıq hám administrativlık.

Bular kóbinshe óz–ara tıǵız baylanısqa halda kórinedi.

Shólkemlestiriwshiniń shólkemlestiriwshilik xızmetine tómendegi bir qatar jumıslardı kiritiwi múmkin :

–tárbiyalıq jumıslar tarawında erisilgen tabıs hám kemshiliklerdi talıqlaw ;

–tárbiyalcq jumıslardıń maqset hám wazıypaların anıqlaw ;

–tárbiyalıq, xalıqlıq–siyasiy jumıslardı rejelestiriw hám olardıń mazmunı, forma hám usılların anıqlaw. ;

– klasstan hám mektepten tıs tárbiyalıq jumıslardı toparlastırıw, basqarıwshı shaxslardı anıqlaw.

Mektepte tárbiyalıq jumıslardı anıq rejelestirmesten onıń mazmunı, forma hám usılların anıqlamastan, málim bir dizimge salmastan turıp kózde tutılǵan maqsetke erisiw qıyın.

Klasstan tıs jumıslardıń tárbiyalıq tásiri kóp. dárejede oqıw processin shólkemlestiriw saviyasına hámde oqıwshılar jámáátiniń hár qıylılıǵı qanday jolǵa qoyıwǵa baylanıslı. Klasstan tıs xızmet májbúriy dástúr menen shegerelanmaydı, bálki jaslardı hár qıylı oqıúshılardı ıqtıyarıy ráwishte birlestiredi. Olardıń isbilermenligi tiykarında jumıslardı ámelge asıradı, pánge qızıqtıradı, olardı xalıqtıń mádeniy turmısı ortalıǵına alıp kiredi.

Klasstan tıs islepr shaxstaǵı social aktivlik, social sana hám ádep–ikramlılıq ádetlerin payda etiwdiń eń zárúr faktori. Bul xızmet ilimiy jámáát, ádebiy hám mektep teatrlarınıń jumısları, túrli temalarda ótkeriletuǵın kitapxanlar konferenciyası hám sáwbetler, siyasiy, ádep–ikramlılıq hám

miynettemalarındaǵı lekciya hám sáwbetler , social – paydalı miynet, siyasiy xabar. Bayram kesheleri hám ertilekleri, dógerek shınıǵıwların óz ishine aladı.

Oqıwshılardıń klassdan tıs jumısları óz mazmunına kóre oylaw xızmeti hám qatnasıqlar quralı esaplanadı. Klasstan tıs jumıslarda alınǵan xabar qabıl etilmeydi, qayta islenedi hám usı tiykarda jańa bilimler payda qılınadı.

Oqıwshılar mektepten tıs jumıslardı qatnasıp, túrli kisiler menen belgili múnsibettege kirisedi, túrli wazıyplaarǵa dus keledi. Sonıń ushın hám oqıwshılardıń mektepten tıs xızmetleri qanshelli hár qıylı bolsa, olardıń múnsibetleri sonshelli bay, múnsibet ortalıǵı keń hám ruwxıylıq ósiwi nátiyjeli jámáátte islewdi úyrenedi, social miynet quwanıshıne sezedi, islep shıǵarıw miynetine qosıladı, jámáátshilik pikirine boysıınıwǵa, jámáát sharafi menen gúresine ádetlenedi. Mektepten tıs xızmet onnan qatnasshılardıń ruwxıylıq hám fizikalıq rawajlanıwına hámde jas ózgesheliklerine kóre bóelgilenedi. Bul processke olar tálim alıp atırǵan mekteptiń shaaryatı hám tásir etedi. Mámleketimizdegi bárshe mekteplerdiń wazıypaları bir bolsa – da, usı mekteplerdiń ózine tán ózgeshelikleri bar hám bul ózgeshelikler mádeniy hám milliy sharayatlarda anıq kórinedi. Tárbiyashılar , klass basshısılarınıń klasstan hám mektepten tıs alıp baratuǵın tárbiyalıq isderinde tómendegi jumıs usılların paydalanıwları maqsetke muwapıq.

Awızeki is usılları. Túrli xabarlar, májilisler, azanǵı jıynalıslar, lekciyalar, kitapxanlar konferenciyaları, ushırasıwlar, awızeki gazetalar, radionjurnallar .

Ǻmeliy is alıp barıw usılları. Túrli jaylarǵa sayaxatlar, sport jarısları, olimpiada, iztaparlar jumıs xızmeti, jas tábiyattanıwlar dógerekleri, shenbelikler.

Kórgezmeli is usılları. Mektep muzeyleri, urıs hám miynet qaharmanları xanası, jańa kitaplar kórgezmeleri.

Tárbiyalıq is pedagogtan pútin qábiletlerin iske salıwdı, tınmay izleniwdi taqaza etedi. Keleshek áwlad tárbiyalanǵan, uyımlasqan, janajan watanımızdıń haqıqıy puqaraları bolıwıları tiyis.

Klasstan tıs islerdiń forma hám metodları.Jámáát shólkemleri oqıwshılar menen sabaqtan tıs waqıtlarda alıp barılatuǵın hár qıylı shınıǵıwlardı oqıtıwshılar járdeminde shólkemlestiredi. Klasstan tıs isler óz mazmunına kóre júdá hár qıylı : social –siyasiy, ilimiy, social paydalı, dene tárbiyalaw salamatlastırıw jumısları boladı. Klasstan tıs jumıslar úsh qıylı formada : massovıy, dógerek hám individual formalarda shólkemlestiriledi.

Massovıy formalar : Ertelikler, mektep kesheleri, balalar bayramları kórikler, quwnaqlar hám tapqırlar dógeregi, seyil, klass hám mektep múzeyleri, balalar isleriniń kózgermeleri hám basqalar.

Dógerek isleri : mekteptegi hár bir dógerek óziniń bárqulla is kúnleri hám saatlarına iye bolıwı tiyis. Dógerekte qatan tártip bolıwı, dógerek aǵzaları shınıǵıwlarǵa keshikmesten keliwleri, dógerek tapsırmaların tártip menen ornılawları, dógerektiń materiallıq baylıqların ıqtıyat qılıwları kerek.

Klasstan tıs individual is : hár bir oqıwshı meyil hám qábiletlerin rawajlanıwınva járdem benredi. Bul iste klasstan tıs oqıw úlken áhsmiyetke iye. Mektepte hár bir klass ushın klasstan tıs oqıw dástúri bar. Oqıwshınıń ne qılıp atırǵanı hám oqıǵan nárselerin qanday qabıl etip atırǵanın oqıtıwshı biliwi júdá zárwr. Sonıń ushın oqıtıwshınıń klasstan tıs oqıwǵa basshılıǵı eń jaqsı kitaplardı tarqatıw hám oqıwshılarda oqılǵagn sabaqlıqları tuwrı, tereń qabıl etiwdi rawajlantırıwdan ibarat.

Individual tapsırmalardıń túrleri júdá kóp bolıp, óúsimlikler óstiriw, gúller, ovoshlar jetistiriw hám sonday tapsırmalar qatarına kiredi. Individual tapsırmalarda hár bir oqıwshınıń múmkinshilik hám qızıǵıwları esapqa alınsa, olar balalardıqábiletleri, talantdların óstiriwge járdem beredi. oqıtıwshı tálim processinde balalardıń mádeniy ıqtıfjları hám kamolat dárejelerin anıqlaw menen shuǵıllanadı. Olarǵa muwapıq tárizde ayırım oqıtıwshılar, topar yaki pútin klass menen alıp barılatuǵın klasstan tıs islerdi rejelestiriw.

Mektepten tıs isler balalardıń jas hám qızıǵıwların esapqa alǵan halda, olardı ıqtıyariy ráwishte, aktiv hám mustaqil qatnasıwları sharayatında shólkemlestiriledi.

Rayon, qala , ólke hám respublika mektep oqıwshılar sarayları hám úyleri ansha keń tarqalǵan mektepten tıs mekemeler. Olar xalıq tálimi organları basshılıǵı astında isleydi.

Mektepten tıs mekememe balalar kitapxanasınıq isi dıqqatǵa sazawar. Balalar kitapxanaları mekteplerdiń I–VIII klass oqıwshılarına, sonıń menen birge, mektepke shekemgri tárbiya jasındaǵı kitap oqıy alatuǵın balaldarǵa xızmet kórsetedi. Kitapxananıqń pútin isi balalarǵa jaqsı tárbiya beriwge, pán tiykarların úyreniwde oqıwshılarǵa járdemlesiwige, balalarda oqcıw mádeniyatın tárbiyalawǵa, mustaqil ráwishte bilim alıw kóńnikpelerin payda qlıw hám bekkemlewge qaratılǵan .

Kópshilik mektepten tıs mekemelerdiń isleri mısalında, mektepten tıs mekemeler oqıwshılar menen alıp barılatuǵın tálim–tárbiya isinde mektep hám shańaraqqa jıddıy járdem bermekte degen juwmaqqa keliw múmkin. oqıtıwshı belgili xalıq jasaytuǵın jayda mektepte qanday mekemeler barlıǵın bilip, olar menen birgelikte jumısta jolǵa qoyadı, oqıwshılardıń qızıǵıwların esapqa alǵan halda, olardı dógereklerge jollaydı. Mektep balaları menen alıp barılatuǵın tárbiyalıq isti rejelestiriwde mektepten tıs mekemelerden alıwı múmkin bolǵan járdemdi hám názerde tutadı. Mektepten tárbiyalıq is rejesin balalar mekemeleriniń rejesine maslastırıw zárúr. Mektep tárbiyalıq is rejesin oqıwshılar menen klasstan hám mektepten tıs alıp barılatuǵın jumıslardıń forma hám metodlaorıwún, olardı aqılına jolǵa qoyıwdı hám óz ishine aladı.

Klasstan hám mektepten tıs isler shólkemlestiriwshisi, mektep tárbiyalıq isiniń ulıwma rejesin dúzedi hámde oqıwshılarǵa hár tárepleme tárbiya beriwde mektep oqıtıwshıları, mektepten tıs mekemeler hám mektepti atalıqqa alǵan shólkemleriniń jumısların bir–birine muwapıqlastıradı.

Tárbiya procesiniń mazmunı, balalarǵa beriletuǵın ruwxıylıq ádep –ikramlılıq bilimler dizimsi, isenim, tártip, minez–qulıqtı Tarbiya jaraënining mazmuni bolalarga beriladigan ma`naviy axloq bir pútin halatın quraydı. Mustaqil Ózbekstannıń, ǵárezsizlik hám keleshegi ushın pidayılıq kórsetiwshi áwladtı tárbiyalaw mazmunı ózgeshe xarakter iye boladı :

– puqaralıq demokratik jámiyetti payda etiw mánisin ańlap alıwshı ;

– watandı bárqulla túrli aǵımlardan qorǵawshı;

– diniy baǵrı keńlik hám mehir –muruvvatli bolıw ;

–mámleket siyasatın túsiniwi oǵan pidayı bolıw ;

–ózligin ańlaw, ájdadlar miyrasın qádiprlew ;

– joqarıdaǵı kamil insan tán sıpatların tárbiyalawda ;

–maqsetti anıqlıǵı hám onı tuwrı baǵdarlaw mádeniyatı ;

–tárbiyashı –oqıtıwshı hám tárbiyalanıwshınıń birgelikte xızmeti ;

–ózin ańlaw, mustaqil pikirlewshi isenimli hám ıqtıyarlıq.

Mektepke shekemgi tálim mekeme tárbiyashılarınıń tárbiyashılıq ıxzmeti whám onı ámelge asırıw metodikasın «:shinshi mıń jıllıqtıń balası» qollanmasında paydalanıwdı usınıs etemi.

Tárbiyalıq islerdiń mazmunında bir pútin jandasıwdan bas maqset, «Milliy ǵáresizlik ideyası: tiykarǵı túsinik hám principleri dástúri» ndege ideyalardı balalardıń sanasında ózine tán hám mas ráwishte sińdiredi.

– Xalqımızdıń bay ruwxıylıq, dástúr, úrip–ádetler hám ajdatlarımız miyrasınan paydalanıw.

–Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, adalat, haqıyqat hám erkinlikti, isenimdi tárbiyalaw.

– Júrt tınıshlıǵı, Watan rawajlanıwı, xalıq parawanlıǵı mánisin eskertiw.

–Mexirli–muruvvatli hám baǵrı keńlik.

Ayrıqsha baqsha hám kishi mektep jasındaǵı oqıwshılardıń tálim–tárbiyalıq xızmetleri ózine tán ózgeshelikke iye: oqıwshılarǵa turmıslıq tájiriybeleriniń

kemligi, oqıw–tárbiya processinde qubılıslarǵa qızıǵıw, «jaqsı», «jaman háreketlerge tereń múnsibet bildire almaslıǵı» sıyaqlı.

Oqıwshılardıń sabaq hám sabaqtan tıs tárbiyalıq xızmetiniń rejelestiriw ózine tán qaǵıydalarǵa iye :

1.Hár bir klass jámáátiniń tárbilanǵan dárejesin úyreniw.

2.Oqıwshılardıq shańaraqlıq turmısı, ata–ananıq perzent tárbiyalawdaǵı burıshı hám wazıypasın qanday seziwi.

3.Kúndelik ózgerislerge oqıwshılardıń múnsibeti.

4.Oqıwshılardıq shıǵıs milliy úrip–ádet, dástúrler haqqındaǵı bilim dárejesi.

5.Qamusiy oyshıllar, aǵartıwshılar hámde házirgi zaman shayır, jazıwshılarınıń dóretiwshiliginen úlgigi bilimleri. Usı qaǵıydalar baqshada ápiwayı halda qollanıladı.

Joqarıdaǵılarnı anıqlawda sáwbet, anketa usıllarınan paydalanıw orınlı. Sonda hár bir oqıtıwshı–tárbiyashılardıń takrarlanmas, bir–birine uqsamaǵan tárbiyalcq ilaj rejeleri payda boladı. Bunday rejeler tárbiyalıq tásirge iye bolıw maqsetke eristire aladı.

**Tárbiyalıq islerdi rejelestiriwdiń tiykarǵı faktorları**:

1. Watanǵa muxabbat hám insanıylıq.
2. Milliy ǵárezsizlik ideologiyasın qáliplestiriw.
3. Ruwxıylıq tárbiya (ádep–ikramlılıq hám ádep).
4. Ekonomikalıq tárbiya.

Ekologiyalıq tárbiya

Estetikalıq tárbiyası.

Fizikalıq jetiklik ( salamat awlad ushın).

Ata–analar menen islew.

Joqarıdaǵı faktorlardı rejelestiriwde tanlanatuǵın temalar tómendegi talaplarǵa juwap beriwi kerek.

Tárbiyalıq ilajlar rejesi hám ondaǵı temalar dáwir talabaına juwap beriwi.

Tanlanǵan temalar milliy hám ulıwmainsanıylıq qádiriyatlar qamtıwına bolıwı.

Tárbiyalıq ilajlar úzliksizlik qaǵıydasına ámel qılǵan bolıwı.

Temalar oqıwshılardıń jas hám bilim saviyasına mas keliwi .

Tárbiyalıq ilajlardı rejelestiriwde «Milliy ǵárezsizlik ideyası : tiykarǵı túsinik hám principleri» dástúri. Ózbekstan Respublikası «Kamolot social háreketii» dástúri mas qılıp alındı. Tómendegi keltirilgen reje shama menen bolıp, óz shárt–asharyatlarıńızǵa qarap dóretiwshilik ózgerisler kiritiw múmkin.

Tárbiyalıq ilajlar rejelerinen úlgiler

Dáslepki rejege Ózbekstan Respublikası Xalıq Tálimi Wázirligi «Mádeniy miyrasqa ıqlıs» júzesinen dúzilgen Nızam tiykar qılıp alındı, ol tómenjdegi mazmunǵa iye :

Watan maqtanıshı – kamolot mulkiniń tiykarı (I–II klasslar ushın .

a) tuwılǵan úy, kóshe , qále hám ólkelerdińó táriyxı.

b) bir balaǵa jetti qońsı ata–ana ekenligi.

v) átirap tábiyattaǵı ósimliklerdiń atı hám onı qorǵaw.

g)ólke táriyxına tán (tariyxıy estelikler, kimler jasaǵan, ekonomikalıq baylıǵı, kórke móneri hám keleshek rejeler) maǵlıwmatlar.

e) kindik qanı tógilgen jaydıń tupraǵı áziyz sezimin sińdiriw.

**Turmıs mádeniyatı**

a) shıǵıs shańaraq

b) ata–analar mehri, olardıń barlıǵınan maqtanıw.

v) shańaraqta shıǵıs úrip –ádetler, dástúrler nızam hám qaǵıydalarǵa ámel qılıw.

g) ǵarrılar tariyxın úyreniw, olardıń jaqsı páziyletleri menen tereńlesiw hám ǵamxorlıq qılıw.

d) turmıs hám bazar ekonomikasına shıǵıs múnsibetin oyatıw.

e) fizikalıq hám jetiklik hám sport.

e. Ózbek tiliniń tazalıǵı xalıq maqtanıshı

a) hár bir millettiń ana tili hám oǵan mexirli milliy maqtanıshı gúl tajisi ekenligi (xalıqtıń maqal, rawayat, gúrrińlerinen paydalanıw).

b) ózbek tiliniń tariyxı, rawajı.

v) ózbek tiliniń ǵárezsizligi .

g) «Til bilgeni eldi biledi» (dún`ya tilleriniń mánisi haqqında)

d) millatler aralıq tatıwlıq.

**Ózbek milliy úrip–ádet, rásim–rusumlar hám merisimler**

a) shańaraqlıq úrip–ádetler .

b) rásim–rusumlar hám olardıń tariyxı.

v) merisimler, olardıń túrleri, tariyxı hám mazmunı.

**2.2. Klass basshısınıń' tárbiyaliq xizmeti nátiyjeligin jetilisstiriw jollari.** Ózbekstan Respublikasınıń ǵárezsizlikke erisiwi hámde óz mustaqil siyasiy,ekonomikalıq hám social jolına iye bolıwı, xalıq xojalıǵınıń túrli tarawlarında, tiykarınan, xalıq bilimlendiriw sistemasında ósip kiyatırǵan jas áwlad tálim–tárbiyası menen barlıq processin qayta kórip shıǵıwda talap etedi. házirgi waqıtta, pán hám mádeniyattıń sońǵı tabısları tiykarında keleshegimiz bolǵan jas áwladtı turmısqa tayarlawdıń nátiyjeli forma hám metodikaların izlew júdá zárúr.

Tárbiya processin shólkemlestiriwge aqılıy, ádep–ikramlılıq, watanparawarlıq, huqıqıy hám basqa tárbiyalar boyınsha belgilengen isler hám ilajlar, kásip tánlaw jumısları (kásipler dizimin dúzip shıǵıw, kásip haqqında múyesh shólkemlestiriw, miynet nuraniyleri menen ushırasıw, oqıwshılarǵa anketalar tarqatıw, juwapların talıqlaw, qızıǵıwlar kartasın toltırıw, kásip haqqında shıǵarma jazdırıw, oqıwshılardıń texnikalıq dóretiwshiligi kórgezbesin shólkemlestiriw, klastán tıs oqıwdı shólkemlestiriw), pán oqıtıwshıları menen birgelikte ádebiyatlar dizimin dúzip shıǵıw, oqılǵan shıǵarmalar júzesinen sáwbet uyımlastırıw, klassta ádebiy kórgizbe shólkemlestiriw kitapxana menen baylanıs hám basqalar), klassta kórgizbeli tarqatıw jumısları alıp barıw (klass múyeshi, diywaliy gazetalar, betler shıǵarıw, klasstı mazmunlı bezew, ekologiyalıq múyesh shólkemlestiriw hám basqalar ) jumısları kiredi.

1.Tárbiyalıq jumıslar nátiyjeligin anıqlaw ólshemleri

Temanıń maqseti. Tárbiyalıq jumıslardı nátiyjeli shólkemlestiriwde xalkimizda bay miyrasinan paydalanıw arqalı balalardı ózligin anıqlaw, milliy maqtánish sezimin qáliplestiriw. Watanimizdi ótmishi, ájdadlarımiz jaratkan milliy hám ulıwma insanıylıq qadiriyatların úyrenip, oǵan ámel qılıw sezimin tárbiyalaw.

Temanıń *wazıypaları.*

1.Xalqimizdiń milliy miyrası hám qádiriyatları mánisin túsindiriw.

2.Xalıq awizeki dóretiwshilik turleri haqqinda bilimge iye bolıw.

3. İslam ruwxıyliġinda kamil insan tárbiyası haqkindaġi ideyalar mánisin túsindiriw.

Tárbiyalıq jumıslardın tásirshenligi, nátiyjeligi kóp tárepinen xalqimizdiń bay milliy, ruwxıylıq miyrasinıń tariyxiy tamirların úyreniwge baylanıslı. Hár bir xaliktiń social-ruwxıylıq turmısta ázeliy úrip-ádet, máresim, dastúr tárizinde ózine tán bir qádiriyat miyras sıpatında payda bolıp, áwladdan áwladqa jetip keledi.

Ózbek milletine tánligi onıń ruwxıyliġin qáliplestiriwde milliy qádiriyatlardıń orni zárúr. Milliy qádiriyat millet ushın zárúr áhmiyetke iye bolġan, etnikalik tárepinen hám ózgeshelikleri menen baylanıslı qádiriyat formaları bar.

«Milliy qádiriyatlar quramalı social-ruwxıy qubılıs bolıp, millettiń tili, mádeniyati, tariyxi, úrip-ádetleri, dástúrlerin, barlıq materiallıq hám ruwxıylıq baylıqlardi, ekonomikalıq, social-siyasiy turmısınıń barlıq tárepleri».

Tárbiyalıq jumıslar *mazmunı*nda milliy qádiriyatlardi tómendegi basqıshlardan izbe-iz paydalanıw  múmkin. Olar :

- milliy qádiriyat haqqında túsinik beriw;
- áwladlarımiz qaldirġan ruwxıylıq materiallıq baylıqlar;
- xalıq awizeki dóretiwshiligi;
- úrip-ádet hám olardıń tárbiyalıq áhmiyeti;
- xalıq jaratqan dástúr hám máresimlerin úyreniw hám belgilew sıyaqlılar.

Milliy qádiriyatlardan paydalanıw , tálim-tárbiya processinde *mazmunı*n *ashıp* beriw oqıwshılardi milliy ideya, milliy maqtánish, milliyiqtiqar sıyaqlı ruwxıylıq-ádep-ikramlılıq sıpatlardi qáliplestiredi.

Dástúr – tariyxiy rawajlanıw processinde tábiyǵiy hám social zárurlikler tıykarında payda bolatuǵın, áwladdan áwladqa miyras bolıp ótetuǵın, kisiler ruwxıylıq turmısına tasir kórsetetuǵın mádeniy qubılıs. Dástúr ózine tán social kubilis sıpatında, kisiler sanasına sińgen (ulıwma yaki málim topar tárepinen), qabıl qilinǵan tártip hám qaǵiydalar jıyındısı esaplanadı.

Ádet (úrip-ádet) –kisilerdiń turmısına sińip ketken, málim múddette qaytalanip turiwshi qátti-háreket, kópshilik tárepinen qabıl qilinǵan minez-qulıq, qaǵiydalar kónikpesi.

Ádet-málim shárayat tásirinde payda bolıp, insannıń minez-kulkinda bekkemlenip kaladı hám keyinshelik bárqulla kemshilikke aylanadi .

Máresim –insan turmısındagi zárúr sánleerdi belgilewge qaratilgan, rásmiy hám ruwxıy kóterinkelik jaǵdayda ótilgen, ulıwma qabıl qilinǵan tártip-qaǵiydalarǵa ámel qilatuǵın tádbir sanaladı. *Mısal*i, at qoyıw, nekeden ótiw, jerlew, eslew, egin egiw (tukim taslaw), órim óriw máresimleri.

Ádet kúndelik turmısda bárqulla baqlansa, máresim insan turmısındaǵi zárúr qubılıslar júz bergende payda boladı. Máresim kisiler turmısındaǵi eń zárúr waqiyalar (*mısal*i, tuwiliw, úyleniw, ólim sıyaqlılar) menen baylanıslı boladı.

«Dástúr», «ádet», «máresim» bir-biri menen tikkeley baylanıslı qubılıs esaplanadı. Usı tiykarinan dástúrlerdiń kuramali bólegi ádet, ádettiń quramalı bólegi máresim bolıwı múmkin.

«Dástúr», «máresim», «bayram» atamaları ózgermes túsinikler emes. Zaman rawajlanıwı hám turmıstaǵi ózgerisler tásirinde túsinikler *mazmunı* hám keńeyip baradı.

Social turmıstaǵi ózgerisler tasirinde talabqa juwap bermey qalǵan dástúr hám bayramlar áste-seykin umitiladi. Mánisinen xalikshil, social salmaqka iye bolǵan dástúrler rawajlanadı. *Mısal*i, «Nawriz», «Qawin seyli», «Lala seyli» hám

baskalar bayramlar zamanagóy talaplar juwap bergeni ushın hám ásirler dawamında jasap kelmekte.

«Jańa dástúrler» - turmısizǵa kirip kelatırǵan hám jaylarda endi gana úrip bolıp atırǵan ilájlar.

Ádette, bayram degende biran byuir zárúr qubılıs, waqiya, sáneni kópshilik bolıp, kóterinek ruwxta, quwanish menen belgilew túsiniledi. «Bayram kúnlerinde adamlar «qisqa» waqıtǵa bolsa-da, ózlerin kúndelik miynetinen, táshiwishinen, ǵamdan, qaramlıqtán qarizdan biyǵárez, erkin sezediler», deydi áyyemtániw M.Qadirov.

Bayramlar hár bir xalıqtıń ózine tán ózgesheliklerin sáwlelendiretuǵın «ayna» sanaladı. Kisiler bayram waqtında shirayli kiyimler kiyedi, mazali taǵamlar tayarlap, óz pezendelikleri, kiyiniw mádeniyatları, gózallıqqa umtiliwshiliǵin kórsetedi. Bayram kúni hámme kóterinki keypiyatta boladı. Adamlar ortasinda basqa kúnlerge qaraǵanda belgili dárejede jaqınlıq, birlik payda boladı.

Bayram kúni ázelázelden tinishlıq kúni esaplanadı. Usı kúni uris hám jánjeller toqtatilǵan. Bul kúnde kisiler ortasındaǵı  kelispewshilikler, ókpeler umitilǵan, óz-ara árazlasqanlar jarasqan.

Bayramlarda payda bolatuǵın kóterińki keypiyat kisilerdi erteńgi kúnge úmit baǵishlaǵan, keleshekke isenim menen qarawǵa úndeydi.

Bayram social-mádeniy turmıs aynaisi sıpatında hár bir xalıqtıń social-ekonomikalıq tabisların hám keń kórsetedi.

## III - KLASS BASSHÍNÍÑ OQIWSHÍLAR MENEN ALIP BARATUĠÍN JUMÍSLARÍN JETILISTIRIW JOLLARÍNA BAYLANÍSLÍ TAJIRIYBE JUMÍSLAR.

### 3.1.Tájiriybejumislarin o’tkeriw metodikası.

Bu`gingi ku`nde ruwhıy huqıqıy demakratiyalıq ja`miyetimizdin` ha`m bilimlendiriw sistemasın rawajlanıwı menen jas a`wladqa milliy ta`rbiya beriw, milliy qa`diriyatlarg`a, watanına, tiline, dinine, bilim ha`m ta`rbiya alıp atırg`an bilim dargayına shan`arag`ına hu`rmet sezimi menen qaraytug`ın fizikalıq jaqtan da aqılıy jaqtan da jetik insanlardı qa`liplestiriwge ayrıqsha kewil bo`linbekte. Mektep oqıtıwshılarının` ha`r ta`repleme milliy ta`rbiyalanıwında mektep ha`m ata-analardın` birge islesiwi bul turmıs za`ru`riyatı, da`wir talabı dep bahalawg`a boladı.

Biz pitkeriw dissertaciya jumısımızdı orınlaw barısında ayırım mekteplerdin`joqarg’i klasslarının` ta’rbiya saatlarin o`tkeriw ta`rtipleri menen tanıstıq. Atap aytqanda 8-klass basshilari Turenova A. , Nurabullaeva G 8-klass basshi si Puranova G. ta`repinen o`tkerilgen ta’rbiya saatlarda Ózbekistan respublikasi prezidenti SH.M.Mirziyoyev2019 jil 19-martta o’tkerilgen videoselektor májlisinde « Jas awladtı ka’mil insan etip tárbiyalaw , olardıń bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiriw,bunda olardıń mádeniyat,sport,xabar texnologiyaları kitap oqiwǵa qiziqtiriw boyinsha Sirdariya waliyati ta’jiriybesi tiykarinda 5 baslamani a’melge asiriwdan kelip shiǵip ta’rbiya jumislarin shókemlestiriw is-ilajlar da o`tkerildi.

$9^{B}$–klass basshısı Mambetkarimova Almaxanniń

**TA’RBIYALIQ SAAT JOBASI**

| **№** | **O’tiletuǵın temalar** | **Saatı** | **O‘tiletuǵın waqtı** |
|---|---|---|---|
| 1 | O’zbekistan u’lken imkaniyatlar ma’mleketi | 1 | |
| 2 | Bazar ekonomikası ne? U’nemlew shańaraq baylıǵı | 1 | |
| 3 | 9-klass pitkeriwshisi AL haqqında maǵlıwmatqa | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | iyeme? | | |
| 4 | Mobil etiketi, telefonda so'ylesiw ma'deniyatı | 1 | |
| 5 | Ka'sipler ishinde yeń ullısı . . . | 1 | |
| 6 | Jaqsı so'z jan azıǵı | 1 | |
| 7 | Ka'sip – wo'ner kolledjiniń qaysı qanigeligin tańlasam yeken? | 1 | |
| 8 | O'zbekistan Respublikasınıń "Ma'mleketlik tili haqqında"ǵı nızamnıń qabıl yetiliwi | 1 | |
| 9 | Men a'rman yetken ka'sip | 1 | |
| 10 | Zaman menen birgelikte | 1 | |
| 11 | Globallasıw ha'm wonıń aqıbetleri | 1 | |
| 12 | Birinshi sorawnama AL ha'm KO'K (9-klass pitkeriwshileri ushın) | 1 | |
| 13 | Yurist bolmaqshıman | 1 | |
| 14 | Xalqımız joqarı ma'nawiyat iyesi | 1 | |
| 15 | Ka'sibim maqtanıshım | 1 | |
| 16 | Shańaraqta ul ha'm qız balanıń bir ka'sip – wo'nerdiń iyesi bolıwı sha'rtpe? | 1 | |
| 17 | A'sker bolıw meniń a'rmanım | 1 | |
| 18 | Ullı a'jdadlarımız miyrasın tereńrek wo'zlestiriw | 1 | |
| 19 | Ka'sibi arqalı yelde wo'z wornın tapqanlar | 1 | |
| 20 | Ullı alımlardı yeske alıp (Alisher Nawayı) | 1 | |
| 21 | Ullı alımlardı yeske alıp (Babur) | 1 | |
| 22 | Pa'n – texnika rawajlanıwı ha'm biz | 1 | |
| 23 | Ta'limniń keyingi basqıshına itibar qaratıw | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | boyınsha usınıslar | | |
| 24 | Mehrim sizge atalǵan! | 1 | |
| 25 | Ta’biyiy pa’nlerdi u’yrenemiz | 1 | |
| 26 | Milliy u’rp – a’detlerimiz ha’m da’stu’rlerimiz | 1 | |
| 27 | Xalıq jaratqan danıshpan | 1 | |
| 28 | Wo’nerli kisi xor bolmas | 1 | |
| 29 | Sergeklik da’wir talabı | 1 | |
| 30 | Shekpesten wo’mir su’r! | 1 | |
| 31 | Bul muqaddes Watanda azizdur insan | 1 | |
| 32 | Dilmashlıq ka’sibi haqqında | 1 | |
| 33 | Kitapxanalar – insaniyat ba’rshe ruwxıy baylıqlarınıń du’rdanası | 1 | |
| 34 | Kim bolsam eken | 1 | |
| | **Ja’mi: 34 saat** | | |

Sáne: 17-may2019j.

Klass: 8-g

Pán: Tárbiya saatı

Pán múǵállimi: Turenova A

Taza tema: Kitap eń jaqı dos!

Sabaqtıń maqseti: a) oqıwshılarǵa jazǵı dem alıstaǵı rejeleri tuwralı hám dem alısta kitap oqıwları tiyis ekenligin úyretiw;

b) tema arqalı oqıwshılarǵa dem alısta paydalı isler menen bánt bolıwǵa úyretip barıw;

s) oqıwshılardıń erkin pikirlew hám óz pikirlerin bayan etiw kónlikpelerin rawajlandırıw.

Sabaq túri: jańa bilimdi qáliplestiriwshi.

Sabaq metodı: soraw-juwap, awızeki túsindiriw.

Sabaqtı qurallandırıw: kitaplar, súwretler hám tarqatpa materiallar

Taza temanıń mazmunı:

Jazǵı dem alıs waqıtlarında hárbir oqıwshı kitap oqıwı, bilim alıwı tiyis. Kitap-insandı jaqsılıqqa jetekleydi. Kitap-jalǵızlıqta qádirdan dos. Kitaptan alǵan bilimdi heshkim qaytarıp ala almaytuǵın baylıq.

Belgili filosflardıń biri Deni Didro: " Adamlar oqiwdan toqtawı menen pikirlewdende toqtaydı ", dep aytqan edi Kitap insandı ruwxıy jetiklikke jetkeredi Kitap insan ómirinde qansha áhiymetli bolsa. Kitap oqıwshılardıńda ornı ayrıqsha áhmiyetke iye. Tariyxqa názer salsaq hár bir húkimdardıń óz aldına kitapxanası bolǵanlıǵınıń guwası bolasız

Sonnan ózimizge juwmaq shıǵarsaq qaysı dáwirde qanday sharayatta bolmasın insanlar hár tárepleme jetik boliwı ushın kitap penen birge bolǵan Urıslarda Saqıpqıran Ámir Temur babalarımız ózleri menen óz aldına atlarda kitaplar alıp júrgen . Bunday islerden keyin babalarımız qanshelli kitapqa ilimge qızıǵıwshańlıǵın kórip maqtanısh sezimleri payda boladı.

Ózbekstannıń hárbir aymaǵında zamanagóy kitapxanalar xizmet kórsetpekte Paytaxtımiz Tashkent qalasında hámmemizge belgili Ózbekistannıń birinshi Prezidenti I.A.Karimov baslaması menen zaman talaplarına juwap beretuǵın Mánáwiyat hám Ruwxiy Aǵartiwshılıq orayı ashıldı Bul bilim orayı oqıwshılardı ózine jámlemekte Sonıń menen birge

xalqımızdıń ruwxiy jetik bolıwına xizmet Paytaxttan uzaq aymaqlardada axborot resurs orayı xizmet kórsetpekte

Prezidentimiz SH.M.Mirziyoyevta jaslardıń hám keń jámiyetshiliktiń kitapqa qızıǵıwshılıǵın rawajlandırıw ushın keń kólemli jumıslar alıp barmaqta.

Bıraq bizlerdi bir mashqala qıynaydı aramızda bazı bir jaslar hám úlkenler bar olardıń pikiri hám oyı baylıq penen bánt Bizlerdiń tiykarǵı waziypamız hám minnetimiz usınday insanlardı kitarqa qızıqtırıp ruwxiy jetiklikke baslaw . Ulıwmalastırıp aytqanda hár bir oqıwshı hazirden baslap jeke óziniń kitapxanasın shólkemlestirip barsa maqsetke muwapıq boladı Bul toplanǵan kitaplar ini sińlilerińe úlgi bolip ózińniń hám úkelerińniń ruwxiy jetik insan bolıp Watanımızǵa paydası tiyetuǵın insan bolip kámal tabıwına xizmet etsin!

Sabaqtı bekkemlew: Hár bir oqıwshıdan ózi jaqtırǵan kitap hám onıń qahramanı haqqında pikirlesiw.

Úyge tapsırma: Ózi unatqan ádebiy shıǵarmadan bayan jumısın jazıw.

Sáne: 24-may2019j.

Klass: 8-v

Pán: Tárbiya saatı

Pán múǵállimi: Nurabullaeva G

Taza tema: Jazǵı dem alıstaǵı rejelerim!

Sabaqtıń maqseti: a) oqıwshılarǵa jazǵı dem alıstaǵı rejeleri tuwralı hám dem alısta kitap oqıwları tiyis ekenligin úyretiw;

b) tema arqalı oqıwshılarǵa dem alısta paydalı isler menen bánt bolıwǵa úyretip barıw;

s) oqıwshılardıń erkin pikirlew hám óz pikirlerin bayan etiw kónlikpelerin rawajlandırıw.

Sabaq túri: jańa bilimdi qáliplestiriwshi.

Sabaq metodı: soraw-juwap, awızeki túsindiriw.

Sabaqtı qurallandırıw: kitaplar, súwretler hám tarqatpa materiallar

Taza temanıń mazmunı:

Mektep oqıwshıları úsh ay jazǵı dem alısta dem alıw oraylarında dem aladı. Ayırımları ata-analarına járdem beriw maqsetinde alıs awıllarına aǵayinleriniń úylerine baradı. Hárbir oqıwshı bos waqıtların mazmunlı ótkeriw ushın belgili bir óner menen shuǵıllanıwı tiyis. Kitap oqıw, bilim alıw ushın waqıttan únemli paydalanıw kerek.

Jazda dem alıw hám sawallandırıw oraylarında barlıq qolaylı múmkinshilikler jaratıladı. Ol jerlerde respublikamız boylap kóplegem mektep oqıwshıları dem aladı hám sawallandırıladı.

*Jaz máwsimi sonday tamasha,*

*Bilmey qaldım qalay ótkenin,*

*Oqıw jılı keler dep qashan ,*

*Asıǵaman saǵan mektebim.*

**Bekkemlew;**1.Siz jazda qay jerde dem alasız?2.Jaz máwsiminiń ózine tán

ózgesheligi qanday?3.Dem alıw oraylarınan qaysıların bilesiz?

4.Sizlerge qanday kitaplar unaydı?

**Uyge tapsırma**: “Jazdı mazmunlı ótkeremen” temasında gúrriń jazıw.

**Sáne: 19-aprel**

**Pán: Tárbiya saatı**

**Pán múǵállimi: Abdijamalova Dilbar**

**Klass: 9g**

**Waqıt: 45 minut**

**Taza tema: Tejew jaqsı pazıylet**

Maqset:

a) Tejew haqqında bilimlerin jetilistiriw, qosımsha sanlı maǵlıwmatlar beriw

b)Oqiwshilarg`a Wataninin` tábiyiy resurslariniń qádirine jetiwge úyretiw, tayar sharayatlardıń qádrine jetiwge tárbiyalaw

s)Shańaraqta tejewdiń áhmiyeti tuwralı úyretiw.

Pánge tiyisli hám tayanısh kompetenciyalar: K-1, K-2, K-3

Watanımizdıń ekonomikasındaǵı sanlı maǵlıwmatlardı jıllar boyınsha salıstırıp úyreniw hám kishi kólemde úy sharayatında únemlilikke úyretiw.

Sabaqtıń uranı: Jaratılǵan sharayatlardıń qádrine jetiyik!

**Sabaqtiń metodi** Aralas sabaq.

**Sabaq barisi.** Shólkemlestiriw

Klass bómesin ta’rtipke keltiremiz, sabaqqa kerekli qurallardiń tayinliǵin qatnasin tazaliǵin ko’zden o’tkeremen. Keyin balalardiń diqqatin sabaqqa awdaramiz.

**Taza temanin` mazmunı : Tejew jaqsı pazıylet**

SHańaraqta tejew eń aldı menen jaqsı turmıs keshiriwdiń tiykarı esaplanadı. Sebebi hárbir nárseniń qádirine jetip onı zaya etpewge úyrensek biz jaqsı turmıs keshiremiz. Ata-analar barqulla shańaraqtıń qarjısın ornı-ornına qoyıp isletip otıradı.

Biz jasap turǵan aymaqtaǵı tábiyiy baylıqlarımızdı tejewge úyreniwimiz tiyis. Sebebi waqıttıń ótiwi menen insanlar onı normadan artıq paydalansa, tejemese olar da tewsilip qalıwı múmkin. Bul baylıqlardı insanlardıń paydalanıwı ushın qanshama miynet etildi.

Azatlıq hám ǵárezsizlikke erisken hár qanday mámleket basqa rawajlanǵan mámleketler qatarınan ózine múnásip orın iyelewi ushın ózine tán tikleniw jolın basıp ótiwi kerek.Bul jol ádette usı mámlekettińmilliy tikleniw yamasa rawajlanıw jolı dep ataladı.Ózbekstanda ǵárezsizlikke eriskennen keyin barlıq tarawlarda tikleniw hám ózgeriw jolın basıp ótiwi kerek boldı.

Bizler jaslar mine usınday imkaiyatlar jamanında jasaytuǵın ekenbiz barlıq waqıtta bilimli hám miynet súgish bolıwmız shárt. Sonıń menen birge bartlıq isler ápiwayılıqtan baslanǵanday ,úyde ata-anamızǵa kómekshi bolıp waqıttan hár bir jaratılǵan imkaniyattan únemli paydalanıwız kerek boladı.

Rawalanıw jolındaǵı hárbir tosıqtı jeńiw ushın arqayınshılıqqa berilmew kerek . Birinshi gezekte erisken jetiskenkeliklerge arqayın bolıp qalmay real waqıyalarǵa tik qaraw kerek.Solay eken bunda barlıq taraw wákilleri aldında turǵan wazıypalarǵa juwapkershilik penen qaraw kerek.

Taza temanı bekkemlew: Oqıwshlar menen taza tema boyınsha pikirlesiw.

Oqıwshılardıń ózleri qızıqqan tarawları boyınsha jańalıqlar boyınsha sáwbet.

Úyge tapsirma : Tema boyinsha súwret salıp keliw .

**Pán: Tárbiya saatı**

**Pán múǵállimi: Puranova Gúlsawir**

**Klass: 6-klass**

**Waqıt: 45 minut**

**Taza tema: Gaz hám elektr qorın tejew** (Ekonomika pán aylıǵı kólimende)

Maqset:

a) Ekonomika haqqında bilimlerin jetilistiriw, qosımsha sanlı maǵlıwmatlar beriw

b)Oqiwshilarg`a Wataninin` tábiyiy resurslariniń qádirine jetiwge úyretiw, tayar sharayatlardıń qádrine jetiwge tárbiyalaw

s)Ekonomikamızdıń rawajlanıwında hár birimiz juwapker ekenligimizdi uqtırıw.

Pánge tiyisli hám tayanısh kompetenciyalńar: K-1, K-2, K-3

Watanımizdıń ekonomikasındaǵı sanlı maǵlıwmatlardı jıllar boyınsha salıstırıp úyreniw hám kishi kólemde úy sharayatında únemlilikke úyretiw.

Sabaqtıń uranı: Jaratılǵan sharayatlardıń qádrine jetiyik!

**Sabaqtiń metodi** Aralas sabaq.

**Sabaq barisi.** Shólkemlestiriw

Klass bómesin ta’rtipke keltiremiz, sabaqqa kerekli qurallardiń tayinliǵin qatnasin tazaliǵin ko’zden o’tkeremen. Keyin balalardiń diqqatin sabaqqa awdaramiz.

**Taza temanin` mazmunı : Gaz hám elektr qorın tejew**

Biz jasap turǵan aymaqtaǵı tábiyiy baylıqlarımızdı tejewge úyreniwimiz tiyis. Sebebi waqıttıń ótiwi menen insanlar onı normadan artıq paydalansa,

tejemese olar da tewsilip qalıwı múmkin. Bul baylıqlardı insanlardıń paydalanıwı ushın qanshama miynet etildi.

Azatlıq hám ǵárezsizlikke erisken hár qanday mámleket basqa rawajlanǵan mámleketler qatarınan ózine múnásip orın iyelewi ushın ózine tán tikleniw jolın basıp ótiwi kerek.Bul jol ádette usı mámlekettińmilliy tikleniw yamasa rawajlanıw jolı dep ataladı.Ózbekstanda ǵárezsizlikke eriskennen keyin barlıq tarawlarda tikleniw hám ózgeriw jolın basıp ótiwi kerek boldı. Prezident I.A. Karimov usıday juwapkershilikti sezinip ǵárerzsizliktıń dáslepki jıllarında jámiyet hám ekonomika tarawlarında qayta qurıwlar engizdı. Bul háreketler barlıq tarawlardı túpten jańaladı hám bazaar ekonomikasına tiykarlanǵan erkin, demokratiyalıq mámleket qurıwdıń strategiyalıq jolı sıpatında ózin aqladı hám rawajlanıwdıń ózbek modeli degen atama menen dúniya tán aldı.Strategiyalıq jol degeni uzaqqa jobalastırılǵan ulıwma maqsetti bildiredi.Ózbekstannıń strategiyalıq jolı bazaar ekonomikasına tiykarlanǵan huqıqıy demokratiyalıq mámleket erkin puqaralıq jámiyetti qurıwǵa qaratılǵan edi. Birinshi Prezidentimizdiń bul háreketleri zaya ketpedi. Aradan neshe jıllar ótip búgingi kúnde barlıq tarawlarda ekonomikamızdaǵı ósiwler óziniń kórinisin tapqan.

Birinshi Prezidentimiz baslap bergen qayırlı isledi házirgi Prezidentimiz SH.M. Mirziyoev barlıq tarawlarda nátiyjeli alıp barmaqta. Ásirese bunı qalalarımızdan kishi awılıq orınlarǵa shekem nátiyjesin kóriwimizge boladı.

Bizler jaslar mine usınday imkaiyatlar jamanında jasaytuǵın ekenbiz barlıq waqıtta bilimli hám miynet súgish bolıwmız shárt. Sonıń menen birge bartlıq isler ápiwayılıqtan baslanǵanday ,úyde ata-anamızǵa kómekshi bolıp waqıttan hár bir jaratılǵan imkaniyattan únemli paydalanıwız kerek boladı.

Rawalanıw jolındaǵı hár bir tosıqtı jeńiw ushın arqayınshılıqqa berilmew kerek . Birinshi gezekte erisken jetiskenkeliklerge arqayın bolıp qalmay real

waqıyalarǵa tik qaraw kerek.Solay eken bunda barlıq taraw wákilleri aldında turǵan wazıypalarǵa juwapkershilik penen qaraw kerek.

Taza temanı bekkemlew: Oqıwshlar menen taza tema boyınsha pikirlesiw.

Oqıwshılardıń ózleri qızıqqan tarawları boyınsha jańalıqlar boyınsha sáwbet.

Úyge tapsirma : Tema boyinsha internet maǵlıwmatlarınan paydalanıp túsinigin jazip keliw .

Tárbiyalıq jumıslar sıpat nátiyjeligin asırıwda klass basshınıń xızmetinde hár bir qátti-háreket balalarǵa órnek sezimin oyatıw menen birge, olarǵa jaqsı tásir kórsetiwi tiyis.

Bunıń ushın :

- klass basshısı xızmetin diagnostikalıq taliklaw;
- jaqsı jumıslardı rawajlandırıw;
- tabıslardı rawajlandırıw;
- bala shaxsın húrmetlew;
- qıyınshılıqlardı saplastiriw, qátelerdi dúzetiw.

Pedagog alim V.A.Suxomlinskiy ózinıń «Balalarǵa janım pidá» shiǵarmasinda balani shad-u xurram etiwge miyassar bolmas ekenbiz, onıń kózinen shin quwanishti kórmes ekenbiz, ol balalar shoqlıq qilmas eken, oǵan kandaydir tárbiyalıq tásir xaqqinda sóylewge haqkimiz joq… hár bir bala qálbinıń óziń tari bar, ol maqaminda atqariladi … onı tuwrı shala biliw tárbiyasına baylanıslı sheberlik».

Klass basshısı xızmetinde balalarǵa jaqsı tásir kórsetiwshi *metodı*kalardi qollaw kerek. Usıl- yunansha atama bolıp, negedir jol, usıl arqalı maqsetke erisiw jolin bildiredi.

Klass basshısı - ádalatli bolıwı kerek. Bul bala tárbiyasına qaraǵanda isenim payda qiladi :

• bunıń ushın klass basshısı hár bir balanıń  ruwxıylıq dúńyasin biliwi;

• hár bir insan balaliktán mexir hám hám dártlikti talap etedi. Ayrıqsha, shańaraqta mexir hám hám dártlik kórmegen balaǵa tárbiyashı basshı bunı beriwi kerek.

• balaǵa tárbiyalıq tasir kórsetriwdiń tiykari – baladaǵi qayǵi, dárt-álemlerin hámmeden aldın oqıtıwshı basshı bilip alıwı hám onıń kewlin biliwden ibarat ;

• klass basshısı hár bir balani shańaraǵi menen bekkem baylanıs ornatmay *turıp*, balanıń  salamatliǵi hám shańaraqlıq salamat ortalıqtıń barlıǵı haqkinda gamxorlıq kórsete almaydı, bunıń ushın ata-analar menen sáwbette bolıw tiyis ;

• klass basshısı tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwde klass jámáátinde alıp barilatuǵın xızmetti talıqlay biliwi tiyis.

Tárbiyalıq jumıslardıń talıqlaniwi eki bólekten ibarat :

• klass jámáátinıń rawajlanıwı hám tárbiyalanǵanlıq dárejesinıń osiwi;

• oqıwshılarda joqarı ádep-ikramlılıq, moral`, siyasiy, xuqiqiy túsinikler, doslıq, jámáát ushın qayǵiriw sıpatların ámeliyatta qollaw;

• klass jámáátin usı *jıl*daǵi maqset, *wazıypaları*na erisilgenligi;

• júz berip atırǵan mashqala hám kemshiliklerdiń sebeplerin anıqlaǵanliǵi;

• jámáátti bekkemligi hám oqıwshılardi qálipesken ádep-ikramlılıq sıpatlar dárejesi;

• klass basshısınıń rejelerin ulıwma mekteptegi tárbiyalıq jumıslar menen uyǵinliǵi hám nátiyjeleri;

• klass jańa oqıw *jıl*i boyınsha kemshiliklerdi saplastirip, jańa shara-ilájlardi rejelestiriwdi klass basshısı óz xızmetinıń ónimi dep esaplawi kerek;

• klass basshısında ózi ushın biriktirilgen klasstiń pasporti bolıwı kerek.

**Klasstiń social pasporti**

(20 ____ -oqıw *jıl*i ushın )

Oqıwshılar sanı …

Tiykarinan , qızlar …

ul balalar …

Tuwilǵan *jıl*i : qızlar … :

ul balalar …

Shańaraq qurami :

● kóp balalıq shańaraqlar kurami (sanı ati)…

● tolıq bolmaǵan shańaraq …

● hámiylik hám qáwenderlikke alinǵan balalar …

● baba hám buvilar menen birge jasaytuǵın balalar (sanı hám ati )

● shańarakta jalǵiz perzent ___ sanı …

● apa-sińil hám áke-úkeleri bar shańaraqlar (sanı hám ati) …

Jasaw shárayatları :

● kommunal kvartira (sanı)…

● ayrıqsha kvartira …

● máhálle, xanadan …

● sabaq xanasi barlıǵı …

● Ata-analardıń maǵliwmat dárejesi :

● joqarı ______________ata, __________ana ;

● orta arnawlı _________ata, ___________ana ;

● orta _______________ata, _____________ana;

● tolıqsiz orta _______ata, _____________ana ;

Oqıwshılardıń salamatlıq halati…

Túrli kesellikler menen awirǵan balalar sanı …

Oqıwshılardi mektepten tıs tálimge tartilǵanliǵi:

● muzika mektebinde …

● sport sektsiyasi hám klublarda …

● teatr, muzeylerde …

● dóretiwshilik orayları hám túrli dógereklerge qatnasatuǵın balalar sanı .

Klass basshısı xızmetin nátiyjeli shshólkemlestiriw kóp tárepinen oqıwshılar jámááti xızmetinıń tuwrı rejelestiriwine baylanıslı.

Rejelestiriw– tálim-tárbiya processin basqarıwinda oqıw-bilim, ruwxıylıq aǵartiwshilıq jumısların shólkemlestiriwdin izbe-izligin belgilep alıw. Ol tárbiyalıq processti basqarıwshi hám háreketlentiriwshi wazıypalardıń anıqliǵina baylanıslı.

Klassta tálim-tárbiya jumısların shólkemlestiriw hám basshılıq qılıwda tiykarǵı jetekshilik wazıypasın klass basshısı orınlaydi.

Klass basshısı oqıwshılarǵa mexriban bolıwı, olarǵa diqqan menen itibar beriwi, járdemge mútáj oqıwgilarǵa kómek kórsetiw, hár bir oqıwshıǵa jeke halda jandasa alıw tiyis. usı tiykarda olarda milliy maqtánish, Watan sezimi, watanparwarlıq, dógerek átirapqa mexir-muxabbatli, doslıq, hár qanday tapsirmaǵa juwapkershilikli, isbirelmenlik sıyaqlı ózgesheliklerdi oyata alıw menen oqıwshılarǵa órnek bolıwı tiyis.

**3.2.Klass basshısınıń' oqiwshilar menen alip baratuǵin jumılarin jetilisstiriw jollarina baylanisli tájiriybe jumislariniń nátiyjeleri.**

Bárkámal áwlad tárbiyası –klass basshısınan joqarı ziyreklik, juwapkershilikti talap qilatuǵın xızmet. Oqıwshılardi joqarı ruwxıylıq, ózbetinshe pikirli bolıwı ushın olar ushın mólsherlengen hár bir iláj oqıwshı sanasına, ádebindegi qátti-háreketlerinde iz qaldiriwi tiyis.

Hár bir tárbiyalıq iláj xalkimizdiń ótmis áwladları qaldirǵan bay miyrasi, hikmetleri menen bir bolsa, ata-baba hám oyshil, aǵartiwshi alim ulamalardi ruwxi shad boladı.

Ózbekstan Respublikasi Prezidenti İ.A.Karimov bárkámal áwladtiń ruwxıylıq tárbiyasına itibar qaratip, 2010-*jıl*di «Bárkámal áwlad *jıl*i» dep daǵazalap, onıń dástúri keń jámáátshilikke usınildi.

Ruwxıylıq-aǵartiwshilıq ilájların klassta shólkemlestiriwden maqset:

● oqıwshılardıń ulıwma ruwxıylıq dárejesin asırıw;

● jaqsı qábiletlerin rawajlandırıw;

● tárbiyalıq ilájlarda materiallıq hám ruwxıylıq turmıs uyǵinliǵin támiyinlew;

● oqıwshılar dúńyaqarasların qáliplestiriw sıyaqlı joqarı insanıylıq sıpatların tárbiyalawǵa xızmet qılıwi tiyis.

Tárbiyalıq ilájlardi shólkemlestiriw printsipinıń forma-usılları hám *quralları*.

Tárbiyalıq ilájlardıń nátiyjeligin klassti tárbiyalanǵan dárejesine kóre, ilájlardi nátiyjeli maqsetli perspektivali qılıp tańlaw sheberligine iye bolıw tiyis.

**Tárbiyalıq ilájlardıń túrleri:**



Tárbiyalıq ilájlardıń usılları :

● sóz arqalı sáwlelendiriw (sáwbet, másláhát, gúrriń, kórkem oqıw);

● kórsetiw – xabarlastiriw (video kórinisler, multik tasmalar, kinofil`mler);

●shaxsiy úlgi menen órnek kórsetiw, ózinıń jaqsı háreketleri arqalı tásir kórsetiw;

● xoshámetlew – oqıwshı miynetin tuwrı bahalaw.

Tárbiyalıq processte qollanılatuǵın quarallar. Bar derekler menen tanısıw hámde tálim-tárbiya ámeliyatin úyreniw tıykarında «qural» túsinigin tómendegishe táriyplew múmkin, degen juwmaqqa kelindi : qural – bul anıq belgilengen oqıw yaki tárbiya maqsetine erisiw, kútilgen nátiyjeni qolǵa kiritiwde qatnasıwshılar (oqıtıwshı –okiwshi, tárbiyashı -tárbıyalanıwshı ; ata-analar - perzentler) ortasındaǵı óz-ara múnásibette baylanıstiriwi wazıypanı óteytuǵın qural. Joqarıda aytip ótilgenindey, pedagogikalıq processte qollanılatuǵın qurallar eki turge bólinedi

1. Bilim alıwshılıq (didaktikalıq) qurallar .

2. Tárbiyalıq qurallar.

Tárbiyalıq qurallardıń turi, juzge jaqın bolsa –da, biraq olardıń mánisi, qollaniw orni, barlıq forması hám ózgesheliklerine kóre, tómendegi toparlarǵa ajıratıw múmkin :

1.Subektler úlgisin sáwlelendiriwshi qurallar (xalıq qahramanları, ullı oyshillar, zamandas qahramanlar, uris hám miynet veteranları, ata-analar, kekse áwoal wákilleri, qáwenderler, oqıtıwshılar, jámáátshilik aǵzaları hámde teńleslerinıń shaxsiy úlgileri, milliy qahramonlar jasarativ hám basqalar).

2. Tárbıyalanıwshılardi ámeliy kónikpe hám epliliklerde payda qılıwshi qurallar (túrli temalardaǵi kórgizbeler, tańlawlar, kórikpeler, sport jarisları). 3. Texnikalıq qurallar (magnitofon, video hám audio lentalar).

4. Xabar quralları (televidenie, radio, kompyuter, internet tarmaǵi).

5. Belgili ideyalardi sáwlelendiriwshi qurallar (hádisler, tálimatlar, teoriyalıq, lozungler).

6. Dóretiwshilik xızmet ónimi (milliy úrip-ádet, máresim, dástúrler, shańaraqlar, tálim mekemeleri, balalar jámáátlarınıń dástúrleri, kórkem dóretiwshilik úlgileri, shańaraqlıq dástúrler, áskeriy, sport hám miynet qosiqları, alimlar, ullı sárkerdeler, ilim-pán, kórkem óner, ádebiyat wákillerinıń turmısınan úgligi gúrrińler, qosiqlar : teatr tárepleri sahna kórinisleri, til).

Pedagogikalıq xızmet processinde usı qurallardan maqsetke muwapıq paydalanıw kútilgen nátiyjelerdi qolǵa kiritiw múmkinshiligin beriw menen birge ruwxıylıq-aǵartıwshılıq ilájlarınıń qıziqlı bolıwın támiyinleydi, tásirshenligin asıradi. Bilimlendiriw mekemelerinde ruwxıylıq-aǵartiwshilıq ilájlar rejesin islep shıǵıwda tárbiyalıq qurallardıń barlıǵı hámde olardan qanday hallarda paydalanıw usılların belgilep alıw pedagogikalıq xızmettiń tuwrı shólkemlestiriliwine járdem beredi.

Sonday qılıp, pedagogikalıq xızmettiń jolǵa qoyılıwında shólkemleskenlik forma hám metodlar menen birge, tárbiyalıq qurallardıń hám orni úlken.

## Juwmaqlaw .

Ózbekistan respublikasi prezidenti SH.M.Mirziyoyev2019 jil 19-martta o'tkerilgen videoselektor májlisinde « Jas awladtı ka'mil insan etip tárbiyalaw , olardıń bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiriw,bunda olardıń mádeniyat,sport,xabar texnologiyaları kitap oqiwǵa qiziqtiriw boyinsha Sirdariya waliyati ta'jiriybesi tiykarinda 5 baslamani a'melge asiriw:

1-Baslama -jaslardıń muzıka, su'wretshilik, a'debiyat,teatr ha'm ma'deniyattıń basqa tu'rlerine qızıǵIwshılıǵn arttırıw

2-Baslama – jaslardıń dene shınıqtırıw ha'm sport tarawındaǵI o'z qa'biletlerin ko'rseriwine za'ru'r sharayatlar jaratıp beriw

3-Baslama – jaslardıń kompyuter texnologiyalarınan ha'm internetten na'tiyjeli paydalanıwın shókemlestiriw.

4-Baslama –jaslardıń ruwxıylıgın jetilistiriw olar ortasında kitapqumarlıqtı rawajlandırıw

5-Baslama hayal-qızlardı jumıs penen ta'miyinlew islerin sistemalı shókemlestiriw» [4] boyinsha tapsirmalar bergen edi.
Usi bes baslamadan kelip shiǵip ta'rbiya jumislarin shókemlestiriw da'wir talabi.

Tárbiyaniń maqseti adamzat jámiyetiniń talabin sáwlelendiredi. Tárbiyaniń maqseti jámiyettiń, ondag`i ilim, texnika, texnologiya, ekonomika hám mádeniyattiń rawajlaniw dárejesine, óndiris kúshleri menen óndiris qatnasiqlarina qaray belgilenedi. Bunnan tárbiyaniń maqsetin oydan shıǵarıwǵa, og`an júzeki qatnas jasawg`a bolmaydi degen juwmaq shig`adi.

Millettiń bilimlendiriw tárbiya beriwdegi qiyallar menen oylari, tilekleri menen úmitleri, niyetleri menen arziw ármanlari tárbiyaniń milliy maqsetine aylandi, tárbiyaniń milliy maqseti qáliplesti. Milliy tárbiyaniń mashqalalarin úyrenetug`in milliy pedagogikaniń tirnag`i qalandi. Milliy pedagogika dáwirler asa rawajlanip hám qáliplesip búgingi kún dárejesine jetti.

Milliy tárbiya, milliy tárbiyaniń maqseti jónindegi eń dáslepki oylar xalıq pedagogikasiniń tiykarg`i dereklerinen biri esaplang`an xalıq dóretpelerinde bayan etilgen. Xalıq dóretpeleriniń negizgi túrleri dástanlar menen erteklerde, ápsanalar menen naqil-maqallarda, basqa dáreklerde, unamli qaharmanlar xalıqtiń, watanniń shin azamati, aqil parasatli, adamgershilikli, hújdanli, tapqir, ras sózli, hadal, uqipli, miynet súygish, kásip ónerli, miyrim shápáátli, miyriwbetli, qayri-saqawatli, insapli, qıyınshiliqlardan qoriqpaytug`in márt etip kórsetiledi. Tuwg`an jerin, xalqin dushpannan qorg`aytug`in batir, ata-anasi hám tuwg`an tuwisqanlarina g`amxor, adamlarg`a mehriban insaniy gózzal. Muhabbatqa opadar, súyiklisine sadiq, sózi menen isi bir, wádesine berk insan, ardaqli áke, mehriban ana, hadal perzent sipatinda táriyiplenedi.

Oqıwshı shaxsın nátiyjeli qáliplestiriw pedogogtiń tárbiya menen rawajlaniw arasindag`i kútá quramali baylanisti esapqa alıp bilimlendiriw-tárbiyani sheber uyimlastiriwina baylanıslı boladı.Anıq maqsetti gózlep duris júrgizilgen tárbiya rawajlaniwdi basqaradi hám tezlestiredi.

---

II.[4] Sh.M.Mirziyoyev rahbarligida 2019 yil 19-martta o'tkazilgan videoselektor majlisining 12-son bayoni

Demek oqıwshı shaxsınıń rawajlaniwi menen qáliplesiwiniń talapqa ilayiqli tárbiyadan g`árezli boladı.Sebebi tárbiya rawajlaniwdan aldin júredi (bul jaqsi)rawajlaniwdi izine ertedi hám oqıwshı oqıwshı shaxsınıń rawajlaniwin belgileydi. Sonıń menen birge tárbiya rawajlaniwdan g`árezli boladı hám og`an tiykarlanadi,rawajlaniw dárejesine súyenedi.Oqıwshıniń anatomiyaliq-fiziologiyaliq hám psixologiyaliq (qabil etiw,aqil-oyi,sezimi,yadi,tb) sipatlariniń rawajlaniwi jańa tárbiyalıq wazıypalar qoyip olardı tabisli sheshiwge múmkinshilik jaratadi.

Klass basshısı tek tálim–tárbiyanıń birligin emes, bálki olardıń ózgesheliklerin hám kóre biliwi zárúr. Mekteptegi tárbiya insan shaxsın payda qılıw júzesinen alıp barılatuǵın úlkeń jumıstın bir bólegi, ol balanıń aldınǵı tájiriybelerin esapqa alǵan halda shólkemlestiriledi, ondaǵı bárshe jaqsı sıpatların óstirip, nadurıs túsinikler, ádetlerdi dúzetip barıwı hám bolajaq sıpatǵa tiykar tayarlawı kerek. Ruwxıylıq–ádep–ikramlılıq tárbiya oqıwshı tamamlaǵanan keyin tamam bolmaydı, ol pútin ómir boyı dawam etedi.

Ruwxıylıq –ádep–ikramlılıq tálim–tárbiya beriw menen baylanıslı bolǵanı halda, óz ózgesheliklerine, ózine tán wazıypaları, onı shólkemlestiriwdiń forma hám metodlarına iye bolıp, arnawlı ráwishte úyreniliwi tiyis.

Oqıwshılardı ruwxıylıq –ádep–ikramlılıq tárbiyalawdıń zárúrli shárti sıpatında olardıń oqıw hám oqıwdan tıs hár qıylı xızmetleriniń birligi tuwrısındaǵı túsinikler menen baylanıslı.

Bir maqsetke qaratılǵan tárbiya processinde tárbiyalanıwshılardıń fizikalıq hámde ádep–ikramlılıq jetikligi ósip barıwı olardıń ózbetinsheligi hám dóretiwshilik aktivligi artıp baradı.

Anıq belgilengen oqıw yaki tárbiya maqsetine erisiw, kútilgen nátiyjeni qolǵa kiritiwde qatnasıwshılar (oqıtıwshı-oqıwshı, tárbiyashı-tárbıyalanıwshı, ata-ana-perzentler) ortasındaǵı óz-ara múnásibette baylanıstırıwshı wazıypanı óteytuǵın qurallardi bir kórinisi sıpatında kóriniwi tárbiyalıq qurallar pedagogikalıq xızmet

processin nátiyjeli, shólkemleskenlik metodikalıq tárepinen tuwrı shólkemlestiriwin támiyinlew menen birge ruwxıylıq-aǵartiwshilıq ilájlardıń qızıqlı bolıwına járdem beredi. Bul orında eń zárúr shárt tárbiyalıq processke basshılıq qılıp atırǵan shaxs (oqıtıwshı, tárbiyashı, ata-ana, qáwender) tárepinen qurallardı durıs tańlay biliwi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar.**


1. O'zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. – T.O'zbekiston, 2014.
2. Sh.Mirzieev.Tanqidiy taxlil, qat`iy tartib –intizom va shaxsiy javobgarlik- xar bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi. T.2016
3. Sh.Mirzieev. Erkin va farovon demokratik O`zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. O`zbekiston 2016
4. Sh.Mirzieev. Konun ustuvorligi va inson manfaatlarini ta`minlash- yurt tarakkieti va xalk farovonligining garovi O`zbekiston 2017
5. Sh.M.Mirziyoev Fizikaliq hám ruwxiy jetik jaslar-iygilikli maqsetlerimizge jetiwde tayanishimiz ha'm su'yenshimiz boladı Erkin Qaraqalpaqqstan gazetasi № 8485 s 4.07.2017
6. Sh.M.Mirziyoev «Kitap o'nimlerin basip shiǵariw hám tarqatiw sistemasin rawajlandiriw kitap oqiwdi ham kitap qumarliq madeniyatin arttiriw jáne ugit násiyatlaw boyinsha komplekisli ilajalr baǵdarlamasi haqqinda" qararı Erkin Qaraqalpaqstan gazetasi, 117s 16 09 2017
7. Karimov I.A. O'zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. 1-jild. – T.: O'zbekiston, 1996. – 364 b.

8. Karimov I.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin. 2-jild. T.: O’zbekiston,1996.380 b.
9. Karimov I.A. Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir. 3-jild. T.: O’zbekiston, 1996. – 366 b
10. Karimova O. Oila huquqi asoslari – T.: 2003
11. Barkamol avlod – O’zbekiston tarakkiyotining poydevori.Toshkent,: «Sharq», 1997.
12. Abdullaev M. va boshk. «Ma`naviyat» (oquv qullanma). Fargona. 1999.
13. Abdullaev A. Ma`naviyat va iktisod, tafakkur. Toshkent,: «Ma`naviyat», 1999.
14. Begmatov S. O’zbekiston xalk ma`naviyati. (ukuv kullanma). Toshkent, 1995.
15. Vafoev O. Ma`naviyat tarakkiyot omili. // Mulokot, 1995, 2-son.
16. Juraev A. Tarbiyaviy darslarni utish.Sinf rahbarlari uchun kullanma, Toshkent,: «O’qituvchi», 1994.
17. Ziyomuxammedov B. va boshkalar. Ma`naviyat asoslari. (Darslik). Toshkent,: «O’zbekiston milliy ensklopediyasi» nashriyoti, 2000.
18. Imomnazarov M. Milliy ma`naviyatimiz nazariyasiga chizgilar. Toshkent,: «Shark» 1998.
19. Imomnazarov M. Milliy ma`naviyatimizning takomil boskichlari. Toshkent,: «Shark» 1996.
20. Ma`naviyat jamiyat tarakkiyotining asosi. «O’zbekistan ovozi», 1995/16 fevral`.
21. Ma`naviyat iymondan boshlanadi.//Guliston, 1995, 1-son.
22. Mamatov N. Ma`naviyat asoslari (Dastur). Toshkent,: 1997.
23. Ma`naviyat (ma`naviyat va ma`rifat asoslarini urgatuvchilarga yordam) Tuzuvchilar: M.Abdullaeva vaM.Xusanboev «Fargona», 1999.
24. Ma`naviyat asoslari. (tuzuvchilar: B.Ziyomuxammedov, M.Xamdamova). Toshkent, 1999.
25. Ma`naviyat asoslari. Dastur (Tuzuvchilar: J.Yaxshilikov, K.Zoxidov, N.Ubaydullaeva). Toshkent: 2000. 30 bet.

6. Ma`naviyat va ma`rifat asoslari dasturi. (Tuzuvchilar: I.Jumaboyev, I.Tursunov, va boshk.).Toshkent,1997.
27. Ma`naviyat va ma`rifat asoslari (Ma`ruza matnlari va ularga A uslubiy maslaxatlar). (Tuzuvchilar: S. Otamurodov va boshk.) Toshkent,: 1998.
28. Maxkamov U. Shaxsni ma`naviy shakllantirish. Toshkent,: «O'zbekistan», 1998.
29. Munavvarov A.K. Pedagogika. Toshkent,: «Ukituvchi» , 1996.
30. MusurmonovaO Ukuvchilar ma`naviy madaniyatini shakllantirish. Toshkent, 1993.
31. Musurmonova O.Ma`naviy kadryatlar - soglom avlodni tarbiyalash vositasi. Toshkent, 1995.
32. MusurmonovaO.Ma`naviy kadryatlar va yoshlar tarbiyasi.T.,1996.
33. Otamurotov S. va boshkalar. Ma`naviyat asoslari.(Oliy ukuv yurtlari uchun ma`ruzalar matni) Toshkent. 2000.
34. Ortikov N. Ma`naviyat: milliy va umuminsoniy kadryatlar. Toshkent,: «O'zbekistan», 1999.
35. Xujamurotov N. Ma`naviy kadryatlar va milliy uzlikni anglash. Toshkent, 1991.
36. Shayxova X.O., Nazarov K. Umuminsoniy kadryatlar va ma`naviykamolot. Toshkent, 1992.
37.ErkaevA.«Ma`naviyat-millatnishoni»Toshkent,:,1999.
38. Yusupova E. Ma`naviyat mezonlariga yangicha yondashuv. «O'zbekiston ovozi», 1995, 30-mart.
39. Xujamurotov N. Sa`dullaev N. Ma`naviyat -insoniy guzallikdir. Toshkent,: «Mexnat», 1998.
40.O'quvchi ma`naviyatini shakllantirish. Toshkent,: «Shark», 2000.
41. www.tdpu.uz
42. www.pedagog.uz